

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

— JAVA-INSTITUUT —

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,

J. KATS, M. SOERIADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d. k. Juni f 3.—
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . , 0.30
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . , 20.—
 Satengah katja f 12¹/₂, Saparapat katja , 7.50
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 10—11.

1.	Pihatoer Redaksi	katja 145
2.	Mataram	" 146
3.	Ngadjadjah Tanah Pasoen- dan. Pamidjahan	" 153
4.	Saha atawa naon ari Semar?	" 157
5.	Sadjarah Pameungpeuk	" 158
6.	Kidoeng	" 162 ✓
7.	Adat-adat oerang Tjidjoelang	" 164 ✓
8.	Wawatjan Siliwangi	" 167

Pihatoer Redaksi.

Koe margi dina sasih Siam doegi ka le-
 barannana, redaksi baris dipoeok koe roe-
 pi-roepi tjabak, anoe matak wagan kana
 kaloearna P. S. No. 11. ajeuna dirampid baé
 doea djilid dihidjikeun, nomer 10 ngaba-
 roeng 11; Oetama timpah kaloear tiheula,
 tinimbang langla liwat mangsana.

Patepang deui sareng Poesaka Soenda
 No. 12 dina sasih Juni; moegi oelah deu-
 deupeun sasih Mei asa lowong teu pason-
 dong.

Sakalian dikohkolan ti ajeuna, réh taoen
 kadoea parantos tompèr, téréh ngalangkah
 taoen katiloe, mangsana moepoel piwaraga-
 deun pangbajoean taoen pajoen. Kadjabi ti
 éta koe margi aja kénéh gogorontong gem-
 pelaneun, moegi teu djadi galih disoehoen-
 keun soepados énggal ampéh ti kiwari.

Mataram.

Samboengan P. S. N. 8.

Geura oerang ladjengkeun deui salsilahna Djaka Tingkir anoe baloekarna iasa ngaheujeuk Djawa madeg radja di Padjang, ti taoen 1503 doegi ka taoen 1540 (taoen Djawa) noemoetkeun papajan hidji — hidjina babad, sakoemaha anoe parantos ditaratas dina P. S. N. 8.

Katjarioskeun keur mangsa Madjapait ngadeg kénéh karadjaan, anoe djadi Papatih djenenganana Mahoedara, kagoengan sadérék pameget hidji djenenganana *Radén Djoeroe*, anoe kawentar gentoer tapana, ahli njepe diri di noe roempil, samed i ngisat salira, mentjilkeun andjeun di poentjakna Goenoeng Ngedoek.

Saméméh andjeunna mandita ngantoen pangadjakna hawa doenja, mangsa aja di nagara andjeunna geus kagoengan hidji poeta istri, geulis, kawanti — wanti, éndah teu aja bangsana, réa nonoman noe héroj kabongroj; moeng awitna Nji Poetri keukeuh pengkoeh teu béngbatan teu elodan, teu miroséa djadjaka anoe kabita, woengkoel djoenoe toehoe kana woeroek sepoeh. Nanging tina diréwong koe pirang pirang panggoda, mangkaning istri keur meudjuehna toeroen amis tjaoe, toeroeg-toeroeg anoe djadi panggoda lain djalma samanéa, maké aja adén — adén njilwoeri sagala roepa; toengtoengna Nji Poetri kasémbang, keuna koe kematna *tali — roma* adji lahir panggendaman, kapintjoet koe noe mindah warna, *boeaja* mangroepa djalma, djadi djadjaka pertjéka, akon — akon djenengan Radén Badjoel Sengara. Ari enjana mah Radén tina, kadjadjadén, boeaja ti Kali Samanggi.

Tina katalandjoeran lantaran pelit rikipna noe djadi bapa — maling, toengtoengna Nji Poetri kapalingan, tjoeper pangawasa salira, iboe rama henteu aja noe oeninga, jén titis toelis poeta istri geus ngaraga doea, beunangna soesoeloempoetan.

Nanging kawantos bénten deui ti peujeum, nja lami — lami mah koe ramana katangén ogé. Atoeh moeng kantoen wirangna nawoekoe neumbleuh ka sepoeh. noe nadah katempoehanana, wiwirang di kolong tjatang; nja koe margi éta ramana mah doegi ka lali kana salira, bleng baé mitjeun andjeun ka leuweung téa, ngantoen kamoektén nagara, tatapa ngaloebarkeun katoegenahan.

Katjarioskeun barang tepi ka manssa Nji Poetri babar poetrana pameget, kasép ngalénggéréng konéng, moeloes taja koetjiwana, poepoeton iboe djeung rama. Doepi ramana éta moerangkalih, nja éta ki kadjadjadén téa, soempingna ngalajad poeta garwa téh ngan oekoer wengi, da ari siang mah aja di sisi leuwi; geus biasa moelih soeboeh méméh médal tjahja terang.

Kitoe deui andjeunna omat — omatan orék — orékan, jén bisi djeung bisi kalesapan kasiangan, poma pisan oelah aja pakakas istri anoe kapendak ngaloeloehoeran ka andjeunna, karana tan wandé pinanggih bahla, bobor karahajoean mat tak baroentak saréréa.

Tariking tjilaka salira noe mindah warna, dina hidji wengi koelem tibra kalesapan, petjat — sawed teu atjan loegaj ti padjoearan, sarta wiréh anoe djadi garwa lat lali kana soebaja tjarogé, nja éta teu kénging aja pakakas anggoan istri anoe ngaloeloehoeran andjeunna téa, atoeh pinanggih djeung bahja kaboecka rasiahna panjamoeran, anoe keur mantjala poeta, malik djinis ka djisim asalna tadi.

Barang garwana rék ngagoegahkeun tjarogé pédah geus siang, loemebet ka pagoe-lingen, ngadjerit ngedjat ngotjéak, ningal raka dina randjang teu aja, ngan kantoen anoe ngadjapapang sagedè tjatang kalapa, boeaja pikagilaen.

Sakadang boeaja reuwas rék tanghi ngadangoe anoe ngotjéak, tapi teu iasa, ras émoet ngilirik kana waroega, salira geus salin djisim, moelang kana roepa asal; nja teu mádjat koemaha, kantoen soemerah kana papasten; ngan kantos wasiat heula ka garwana jén ti wangkid harita

bakal pasah salawasna, pondok djodo koe pamaksa, moal koemalendang deui; sarta sok masihkeun lélépén, soepaja dipaparinkeun ka poetrana, anoe koedoe didjenenganan *Djaka Sangara*.

Ti dinja mah boeaja téh ketjeboer deui baé ka leuwi, ngantoen poetra kamanoesan.

Katjarioskeun Djaka Sangara pika-joengjoeneun noe djadi iboe, moerangkali loelos moelos, toemoet kana woeroek sepoeh, teu aja pisan wan^skelang bedangna. Ti aalit geus kaserepan éjangna leket tapana, teu ngagedékeun ngoembar pangadjak amarah. Barang nindak kana djadjaka, geus bablas sagala panalar, njoektjroek elmoe tepi ka djoetjoengna, ageman anoe laloehoeng, kagagahan karongkahan, geus kawentar teu aja doea Djaka Sangara.

Dina hidji mangsa Djaka Sangara ngadangoe selenting bawaning angin, oedjar anoe mawa bedja, jén Kangdjeng Preboe Madjapait keur saémbara: „Saha saha anoe bisa noempes Boepati Balangbangan, anoe sakait djeung Bali, pada saejoenan keur baha ka radja, baris digandjar dipoeloeng mantoe, dipaparin kaloenggoehoen panskat Boepati di tanah Pengging!”

Djaka Sangara sanggeus gilig manahna ladjeng baé moendoet pindoenga iboena, baris ngiring lebet kana balabar — kawat, sarta djoeng andjeunna angkat ka Madjapait doemeuheus ka Kangdjeng Radja, oendjoekan jén sanggem njembadaan kana saengeling saémbara téa. Saparantos kénging dawoehan ti Maha Preboe, énggalna Djaka Sangara mendakan heula *ramana*, sang radja boeaja di leuwi Kali Semanggi téa, ngoemana reh keur aja karerepet baris majoenan djoerit ngadoekeun djadjatén djeung oerang Balangbangan.

Koe ramana disanggoepan, jén perkara rék nempoeh Balangbangan, entong dipaké gédog pangkon, tan wande wadia bala boeaja bakal ngabantoe madjoe ing danalaga.

Teu lami deui broel baé Djaka Sangara sabaladna ngaroeroeg ke Balangbangan sareng Bali, der perang tjampoeh, semah noe oenggoel perangna, oerang Balangbangan teu aja noe bisa ngajonan kana karongkahanana balad boeaja, nepi ka moesoeh tjarem, sawaréh maboer boebar katawoeran.

Malah Radja Balangbangan kasamboet di tengah médan, ditelasan koe Djaka Sangara koe andjeun.

Saparantos réngsé perang, nembé Djaka Sangara moelih ka Madjapait oendjoek oeninga ka Maha Praboe jén Balangbangan djeung Bali geus tjarem.

Kangdjeng Radja soeka galih liwat saking, sarta harita kénéh Djaka Sangara didjoengdjoeng loenggoeh djadi Boepati di Pengging, ditikahkeun ka poetri kadaton, djadi mantoe Kangdjeng Pereboe, sarta ti harita digentos djenengan *Andajaningrat*.

Radén Andajaningrat mantoe Brawidjaja, saparantos poepoet joeswa, digentos koe poetra, sarta ieu poepoetra doea, pameget sadajana, anoe djenenganana Kebo Kanigara sareng Kebo Kenanga.

Kebo Kanigara, poetra tjikal, henteu kersa lebet Islam, ari sadérékna anoe djenengan Kebo Kenanga mandjing agama Rasoel ladjeng djadi Boepati di Pengging ngagentos kaloenggoehan ramana.

Harita Madjapait geus koebra, sarta di Demak geus ngadeg nagara Islam.

Dina hidji mangsa Boepati Pengging (Kebo Kenanga), angkat ka Demak arék silatoerahmi, réh roemaos ka doenoengan kapi sepoeh.

Nanging di Demak aja tjoeriga, kilakilata matak aja sangka, Boepati Pengging siga, rék ngalindih kakawasaan, kawas rék ngadjabel nagara, kaprabon warisan Madjapait; koe margi éta Boepati Pengging ditelasan di Demak; saenjana salah tingal, kolébat pagah di rama ari saenjannah di poetra.

Boepati Pengging poepoesna ngantoenkeun poetra garwa, anoe katalangsara ditilar koe anoe asih. Tina kaleleban koe

tjarogé, garwana mah teu lami deui poepoes, kantoen poetra pahatoe lalis, geus teu iboe geus teu rama, nja éta anoe djenengan *Mas Kérébét*. Tina moerangkalih moenggelis, ladjeng baé disarambat koe anoe miwelas, dirorok koe sanak kadangna di Pengsing. Nanging lami — lami saparantos ageung ladjeng ditjandak ka Tingkir koe tilas garwa Ki Gedeng Tingkir, mitrana Kebo Kanigara, toa Mas Kérébét, sadérék ramana téa. Barang parantos djadjaka nja Mas Kérébét gentos djenenganana katelahna *Djaka Tingkir*.

Djaka Tingkir teu tjara djadjaka biasa, kersa kana borak — borak kasoekaan, ieu mah prihatin teu kendat tatapa, di soegri noe soeni meuting, matoeh di loehoer goenoeng, asroek — asroekan ka leuweung, taja patapan kaliwat.

Dina hidji poé sabot andjeunna keur ngahening handapeun kai, gok tepang sareng Soenan Kali Djaga. Koe Kangdjeng Soenan katingali jèn éta djadjaka komalaan, lain boedak djamak boedak, tapi njata kaantjikan kaloehoengan. Koe margi éta koe Soenan Kali Djaga dipaparin bongbolongan, koedoe koemawoela heula ka radja, Demak noe koedoe didjoegdjoeg, geusan djalan kana nekanan pangbedah kamoeljaan, anoe geus koemandang di salirana.

Djaka Tingkir nganoehoenkeun kana sapiwedjang Soenan Kali sarta sadaja piwoeroekna baris diéstoek pisan. Ti dinja andjeunna pamit ka iboena anoe ngoekoet téa, jèn rék koemawoela njanggakeun salira ka anoe djadi radja di Demak, hojong diadjar tata — tjara ngaheujeuk nagara, anggon — anggon ka parabon.

Iboena teu iasa ngorétkeun tina kamanah pitemaheunana, ngan di djangdjian koedoe ngoegsi ka Ki Gedéng Sélo, toemaros heula ka andjeunna koemaha, pisaëunana, sarta lamoen geus meunang boeboekan ti dinja, engkè kakara teroes ka Demak, ngadjoegdjoes ka sadérékna anoe djadi kapala Gandjoer (pradjoerit), djenenganana Ki Gada Moestaka.

Djaka Tingkir parantos djengkar ti désana madjoe ngalèr ngétan ngadjoegdjoeg ka Ki Ageng Sélo.

Barang rèt Ki Ageng Sélo ningali sampojongna Djaka Tingkir moendjoeng, oedjoeg — oedjoeg djorodjoj panggalih asih, ènggalna disambat sarta satoetasna dipariksa, ladjeng baé diangken poetoe, djadi tjatrik noe kadeuheus.

Salamina Ki Djaka Tingkir teu tebih ti K. A. Séla, teu pisan meunang anggang, ka mana baé ogé teu kantoen.

Ari éta Ki Ageng Sélo téa, sians wengi teu pegat moentang ka Pangèran koe hojong iasa nampi waris Madjapait, ngeréh sakoeliah Djawa, rèh ngaraos jèn andjeunna ogè toenggah terah Brawidjaja. Koe margi éta andjeunna henteu kendat oesaha ngolah salira, tatapa njiar djalan geusan ngalaksanakeun paneda.

Taja lian anoe dipeleng disalebetins kalboe, kadjaba ti sihing Jang widi, sangkan awal ahir tinekanan, oepatjara sawoeng galing kaprabon, aja bagdja ragrag ka toeroenanana Nadjan teu karandapan koe salirana, rèh roemaos joeswa geus tjoe-weut ka hareup, tapi tetep teu gedèr galideur noedjoe maksoed sangkan kamoeljaan toemiba ka roendajanana.

Eta margina noe mawi Ki Ageng Sélo sering njepi di noe soeni, djeung meta-keun sarat tarèkah noe lian.

Tapi ari Ki Djaka Tingkir mah ngingintil baé teu pisan kantoen, ka mamana ogé ditjandak.

Dina hidji wengi Ki Ageng Sélo angkat ka leuweung di Goenoeng Rèntjeh, pernahna Kalèr — wétan ti Taroeb, kante-
naan di iring koe Djaka Tingkir. Barang parantos wengi soemping kana ranggon kosong tengah reuma, ladjeng baé lebet, tina ngaraos palaj, doeg baé koelem di dinja. Doepi Ki Djaka Tingkir ningal goeroena èbog, gèlèhè baé manèhna ogè ngagolèr di toendjangeun doenoenganana, reup sarè tibra.

Sabot Ki Ageng Sélo ngalenjap, bet ngimpèn, ari dina étanganana andjeunna angkat ka goenoeng badè ngaboekbak leu-

weung, njandak koedjang ngah njalira. Barang soemping ka goenoeng bet geus njampak Ki Djaka Tingkir keur ngadoengkaran kakaaian, sarta toeloj digoesoeran ka lebak, boekbakeun tèn kasondong geus lèngang, moeng kantoen garapeun woengkoel, atoe kagèt.....

Korédjat Ki Ageng Sèlo tanghi, larak — lirik raos sanes mentas ngimpèn, tina tétéla téh teuing raos asa di kieuna. Ari ditingali Ki Djaka — Tingkir bet keur sarè kènèh ngagoehier todjèreunana. Engsalna koe andjeunna digeuingkeun bari dipariksa saorna: „Agoes, silaing bieu teu loeas — lèos ka mamana?”

Saunggen Djaka Tingkir: „Teu pisan—pisan. Apan abdi mah ti tadi ogè sarè, nembè hoedang ajeuna.”

Koe Ki Ageng Sèlo kamanah, jèn andjeunna enja tas ngimpèn. Ngahoeleng baè ngemoet — ngemoet pitemaheunana impènan, naha ilapat naon, djeung naha bet kitoe, welèh koe andjeunna teu kahartos.

Ti dinja pok Ki Ageng Sèlo mariksa ka réntjangna: Agoes ari agoes sok ngimpi anoe ahèng?”

Walon Djaka Tingkir: „Parantos kapoengkoer abdi ngimpi anèh, malah doegi ka ajeuna koe abdi welèh teu atjan kahartos; nja éta nalika abdi keur tirakat, misahkeun manèh di Goenoeng Tèlamaja, abdi ngimpi karagragan boelan; katinggang ari sajaktosna mah, margi barang broeg téh, Goenoeg Tèlamaja ogè doegi ka ngageleger, nja bawaning koe reuwas, korédjat abdi hoedang.

Tah kitoe kapoengkoer abdi ngimpi tèn; naon pihartoseunana éta tèn, atanapi moen ilapat, ilapat naon?”

Saoer Ki Ageng Sèlo: „Hadè éta impian tèn, keun baè entong dipikiran pibaloe kareunana, moega-moega baè geura masing boekti, ari ama mah ngan ngadjoe-roeng pangdoenga, sabab saenjana éta tèn wahjoe anoe toemoeroen ka Agoes, anoe bakal ditéma koe roendajan ama. Koemaha Agoes pasrah kana kitoe pibaloe kareunana?”

Saoer Djaka Tingkir. „Ari abdi mah ngan darma wawajangan, poetih teu aja geuneuk maleuk—meukna sadrah ngambangkeun kersa Pangèran. Sareng oepami doegi ka katéma kamoeljaan abdi koe poetra poetoe ama, tinangtos moal ngaraoš koe anoe sanès, moeng bingah noe aja toenggal sadaging kènèh sareng abdi, taja petana di abdi aja gantar kakaitanana.

Ki Ageng Sèlo boengangang manahna ngadangoe kasaoerana Djaka Tingkir kitoe.

Ti reumana ladjeng baè maroedoen moelih ka boemi.

Henteu lami ti wangkid harita Djaka Tingkir parantos miang ngantoenkeun Ki Ageng Sèlo, lantaran didjoeroeng lakoe kedah koemawoela heula ka Demak téa.

Ki Djaka Tingkir parantos aja di Demak matoeh di Kiai Gandjoer, sadèrèk iboe poeloengna anoe asih ka andjeunna.

Djabi ti ieu, aja kènèh doea tiloe deui salsilah Djaka Tingkir tèn, tapi entong didadar sadajana, soegan sakieu ogè parantos tjekap.

Ajeuna samèmèh ieu diladjengkeun perloe oerang selang heula koe babad Demak, oerang ngadadar salsilahna Soeltan Demak anoe karoengroengan koe Djaka Tingkir. Kieu toetoeranana.

Saparantos koebra karadjaan Madjapait, karatonna geus roentag dirandjah koe babad Islam, nja ladjeng téa Radèn Patah, poetra Brawidjaja Madjapait, ngadeg Soeltan di Demak ngerèh sakooliah tanah Djawa.

Radèn Patah kagoengan poetra genep.

1. Istri, anoe kagoengan tjarogè ka Pangèran Tjirebon.
2. Pangèran Sabrang Lor, gaboeg henteu kagoengan poetra.
3. Pangèran Sèda Lèpèn (sok diseboet Pangèran Saba Kingking, kagoengan poetra pameget djenenganana Radèn Panangsang atawa Aria Djipang téa. Nja éta anoe teu kersa anoet ka Padang).

4. Pangèran Trenggono (rèa poeta).
5. Radèn Kandoeroean (Pangèran Panggoeng).
6. Radèn Pamekas.

Sasoeroedna Radèn Patah nja anoe mangkoe kedaton poetrana anoe ka doea djenengan Pangèran Sabrang Lor tèa. Nanging madegna nalendra teu lami, kabodjeng poepoes, henteu kagoengan poetra.

Koe sadaja tangtos kamanah, jen sapoe-poesna ieu, anoe kedah nema karadjaan tèh, poetra Radèn Patah anoe ka tiloe, nja èta Pangèran Sèda Lèpèn tèa, raina Soeltan anoe nembè moelih ka Kalanggengan.

Nanging adat doenja hiri dengki djail kaniaja, geus ngarandjing ka anoe ngaraos inggis, anoe digèmbang koe palangsiang, sieun boentoe henteu djadi Ratoe. Nja èta (para) poetra Pangèran Trenggono. Doeka oeninga henteuna ari ramana mah, kana taladjak poetra ngoembar katelesan.

Dina manahna tangtos pisan, oepami Pangèran Sèda Lèpèn nema karadjaan, djoemeneng Soeltan Bintara, taja petana Pangèran Trenggono kana iasa djadi narpati, geus komp deui ari para poetrana mah tinangtos katèlèr — tèlèr moal aja anoe kaloengsoeran kamoeljaan, da geus moal boa deui, ti Pangèran Sèda Lèpèn mah bakal ragrag ka poetrana anoe djenengan Radèn Panangsang tèa.

Koe margi èta giligna panggali poetra Pangèran Trenggono anoe tjikal, djene-nangan *Radèn Perwata*, taja lian pisarateunana ngan Pangèran Sèda Lèpèn kedah ditelasan, oelah koengsi nampi waris kanarpatian.

Enggalna Radèn Perwata laksana kersana, iasa nelasan Pangèran Sèda Lèpèn.

Koe margi èta Pangèran Trenggono, ajeuna anoe didjoengdjoeng loenggoeh djadi Soeltan di Bintara (Demak).

Harita Radèn Panangsang teu atjan sawawa, oeninga rama ditelasan, sarta njata dihagal — hagal diarah koe karinah, ditaragal direboet makoeta di tjaangna, manahna bati nalangsa, ngetek — ngetek

ngenes teu aja hinggana, saharita teu aja basa madjar koemaha, tapi dina galih ngageremet.

Ari Pangèran Trenggono djoedjoeloek Soeltan Bintara (Demak) tèa kagoengan poetra genep deui.

- ♀ 1. Istri, anoe kagoengan tjarogè ka Pangèran Langgar (Sampang, Madoera).
- ② Pangèran Parwata (anoë nelasan rama Ari Djipang).
- ♀ 3. Garwa Pangèran Kali Njamat (Djapara)
- ♀ 4. Garwa Pangèran Tjirebon
- ♀ 5. Garwa Dipati Padjang (Djaka-Tingkir).
- ⑥ Pangèran Timoer.

Katjarioskeun Radèn Panangsang, nadjan ramana geus poepoes, tapi henteu welèh ngarep — ngarep, aja basa soegan djeung soegan keradjaan remana ragrag ka andjeunna, da tètèla jèn andjeunna anoe èstoe kagoengan hadäs, koedoe djadi Soeltan Demak.

Nanging njolèdat Radèn Panangsang ngan oekoer dipalèr — palèr dipeper koe tanah Djipang, kana djadi Soeltan mah kawasna kapeungpeuk koe para poetra para mantoe Pangèran Trenggono, anoe geus njepeng kanalendraan.

Katjarioskeun Pangèran Trenggono henteu patos sakoemaha lamina ngadegna narpati kabodjeng koe adjal, moelih ka Kalanggengan.

Tah anoe pinemaeun ieu, satadina dina adjaman Radèn Panangsang, keukeuh nja andjeunna pibakaleunana, nanging ari prak dina sangkana bet njalahan, karadjaan Demak ragrag ka Raden Parwata poetra tjikal Soeltan anoe nembè poepoes, anoe geus nelasan ramana Radèn Panangsang tèa.

Atoeh Radèn Panangsang anoe parantos djadi Aria di Djipang, kantcen bendoe ngoedoeg — ngoedoeg, raos ditjolak mata boentjelik, panas ngentab teu aja hinggana, napsoe koe doea koe tiloe, nja èta njeri pedah ramana dikaniaja nepi ka ditelasan pisan direboet karadjaanana, ari

toeroeg — toeroeg ajeuna anoe djadi radja tãh, èta pisan anoe boga dosa maèhan ramana tèa. Aria Djipang taja petana iasa nahan kasabaran, koedoe njembah ka satroe anoe ngamosoeh rainana koe andjeun; komo deui ari moenggoeh hing andjeunna mah anoe sanès dasar sabar, kahanan getas barangasan, nepi ka teu kaampeuh teu kènging dipeper dileledjar. Toengtoengna andjeunna soesoembar:

„Tinimbang hiroep diroengroeng wirang, toegenah salalawasna, mending leboer toetoempoeran; aing rèk bèla pati ka bapa, hoetang pati bajar pati, hoetang wirang bajar wirang, moal tibra rasaning ati, lamoen tatjan toempoer digempoer sadoleoer — doeloerna Soeltan Demak anoe geus njidra patina bapa aing!”

Ti wangkid èta siang wengi teu aja deui anoe ditjileuk koe Ari Djipang, ngan akal tarèkah geusan ngalaksanakeun angen — angenna, ngaloebarkeun kanjeri anoe dikandoeng salalamina.

Soepados oelah pandjang teuing, ajeuna oerang ringkeskeun baè, ditjandak anoe perloena, nja èta awitna Aria Djipang laksana iasa nelasan Radèn Prawata Soeltan Bintara, sarta ladjeng deui nelasan Pangèran Kali Njamat (Djapara), doeanana geus poepoes, koe akal tarèkahna Radèn Panangsang. Tapi teu atjan tibra manahna, lamoen teu atjan laksana ngabasmu Soeltan Padjang anoe djenengan Djaka Tingkir, mantoe Soeltan Bintara anoe garwana raina Rad Parwata Soeltan Demak tèa, lantaran nja Djaka Tingkir ajeuna sajaktosna anoe njepeng kaprabon Demak, nèma ti Soeltan Bintara anoe nembè ditelasan tèa, noe nagarana geus dèngdèk kana rèk roentag.

Ari Djipang metakeunana tarèkah awitna koe djalan demit, geus ngoetoes kadjineman kapetengan dibahanan doehoeng wangkingan andjeunna, koedoe ngelemet asoep ka pagoelingan Djaka Tingkir, sarta oelah taha asa — asa teroes soedoek toegel mastakana Soeltan Padjang.

Oetoesan miang niroe lakoe telik bapa maling, geus asoep ka djero kadaton; Kangdjeng Soeltan kasondong keur èbog di pangkoeleman.

Barang ragamang Ki Oetoesan rèk nibakeun wangkingan, kerewek koe Djaka Tingkir ditjepeng, atoe roempoejoek baè ki oetoesan ngaloempoeroek awak ngadak ngadak leuleus bawaning koe reuwas djeung sieun.

Koe Kangdjeng Soeltan henteu digeroehkeun, sarta sanggeus dipariksa margga lantaranana, harita kènèh dileupaskeun deui, ladjeng didawoehan moelang oendjoekan ka noe miwarang.

Barang Aria Djipang ngadangoe piodjoek oetoesan kitoe, woewoeh bendoe tambah wirang, sarta teu welèh ngilari djalan noe rikip, moal waka mapak bala ngadoekeun wadia perdjoeurit samèmèh bèak dèngkak metakeun tarèkah. Koe margi èta Aria Djipang moendoet toeloeng ka goeroena nja èta Soenan Koedoes, soepaja Soeltan Padjang disaoer ka Koedoes, engkè dimana geus patepang, baris dibongohan disoedoek koe andjeunna.

Koe Soenan Koedoes henteu dipagak panoehoenna Aria Djipang, dianteur sakersana, sarta teu lami deui Soeltan Padjang (Djaka Tingkir) geus soemping ka Koedoes diiring koe Ki Pamanahan djeung koe Ki Pandjawi.

Aria Djipang ngangken tamoe mitjeun semoe, teu siga aja karinah ngarah bongoh.

Nalika Aria Djipang tjalik papajoen pajoen sareng Soeltan Padjang goenem tjatoer medar tjarita, malapah gedang ngarah doehoeng anoe keur disoengkelang koe Soeltan Padjang, Ki Pamanahan teu anggang tjalik di poengkoereun doenoeangan.

Barang sok doehoeng koe Soeltan Padjang disanggakeun ka Aria Djipang, rèh dipoendoet dadakoe hojong ningalian pamorna, koe Ki Pamanahan Soeltan Padjang ditoel, sarta harita kènèh sebrèt baè narik tjoeriga, doeanana geus pada ngabar keris rèk taroeng patoetoeinggalan.

Moeng saèna ènggal disapih koe Soenan Koedoes. Aria Djipang moelih teu kantos ngadoekeun poetjoek pakarang, mentegeg manah tambah ngentab, harendeg pèdah moebah koe talangkè.

Katjarioskeun garwana Pangèran Kali Njamat, anoe tjarogèna ditelasan koe Aria Djipang tèa, nja èta istri sadèrèk garwa Soeltan Padjang, bawaning koe abot ka tjarogè, bendoe ka Aria Djipang, ladjeng baè tatapa koe hojong aja anoe mangmaleskeun kanjerina, ngabasni Aria Djipang.

Nalika Soeltan Padjang di Koedoes tèa, andjeunna angkat mapag Njai Roro Kali Njamat, di patapan badè disambat ditjandak ka Padjang.

Njai Roro Kali Njamat kersa loegaj ti patapan, lantaran koe Soeltan Padjang pameundogna disambadan jèn montong dianggo hemeng galih, andjeunna sanggem nigas djanggana Aria Djipang.

Katjarioskeun Kangdjeng Soeltan Padjang sarawoehna ka karaton ènggal magelaran, kempel sadaja ponggawa mantri, hèmpak para Boepati bawahan, ngabarempagkeun perkawis Aria Djipang anoe geus mapak bala rèk nempoeuh Padjang. Harita Kangdjeng Soeltan ngadawoeh: „Saha — saha anoe bisa ngajonan Aria Djipang, sarta tepi ka beunangna, baris digandjar tanah *Mataram* djeung *Pati!*”

Sadaja para Toemenggoeng mindel teu aja anoe njanggeman, tina pada oeninga kana karongkahanana Radèn Panangsang seungguh wegah sadajana.

Katjarioskeun Ki Pamanahan sareng Ki Pandjawi, anoe harita ngiring nampi dawoehan, ngaraos lingsem pisan, tina ningali boepati — boepati noe hèmpak di pamengkang teu aja anoe toehoe boemèlana ka radja. Enggalna andjeunna oendjoekan ka Kangdjeng Soeltan, jèn perkawis nangkep Aria Djipang montong dianggo gedèr manah, nja andjeunna anoe baris lali rabi tègang pati ngajonan Aria Djipang.

Kangdjeng Soeltan soeka galih ngadawoeh piodjoekna Ki Pamanahan sareng Ki Pandjawi, ladjeng ngadawoeh ngadjoeroeng koe pindoenga soepaja oenggoel djoeritna.

Teu lami ti harita Ki Pamanahan sareng poetrana, nja kitoe deui Ki Pandjawi sabaladna, perdjoerit petingan noe beunang milih, geus broel arèk nempoeuh Djipang baris di djorag ka djero dajeuha.

Arandjeunna henteu ngadamel heula soerat panantang ka Djipang, tapi baris diambreg rada dibokong tina bongohna baè. Ari geus deukeut ka dajeuha, nja anoe dianggo galagat poepoetjoek taroeng, hidji abdi oerang Djipang noe kasampak keur ngarit di tegal. Kek diredjeng koe balad Padjang pada ngagèndjang, sarta ditangtang bari pada njarèkan, radjana ditjatjampah dibèakkeun laklak dasar; ari toengtoengna teu antaparrah deui ngan simpreg baè diroempoengan tjeulina, ti dinja mah kakara dikalentjarkeun bari dièak-èak ditjararèkan. „Djor sia geura ngadoni ka ditoe ka radja sia, bidjil kitoe ka dieu ari enja mah anak lalaki!”

Atoeh toekang ngarit tèh tjeurik riwih-rawah, getih oetjoer-atjar, ngentjis balik ka dajeuha, hariweusweus oendjoekan ka Aria Djipang, nembongkeun tjeuli geus roempoeng.

Barang Aria Djipang ningali sareng ngadawoeh piodjoekna toekang ngarit dikaniaja, toeroeg-toeroeg ditangtang koe balad Padjang, raos ditjaloentang dihangoe ditjatjampah, reup pameunteu geuneuk, bendoe ngagoedog-goedog, dasar getas barangasan harita kènèh rap saged anggoan kapradjoeritan, henteu kantos ngantos balad anoe lian, tjlak toenggang titihan koeda anggoan anoe ngaran *Si Gagak-rimang*, dioes njalira mapag moesoeh ka loear dajeuha.

Balad Padjang awas ningal Radèn Panangsang njalira nitih koeda, ger soerak nangtang djoerit ti peuntaseun waloengan.

Aria Djipang lat lali bakating koe bendoe, lir bantèng bajangan noe digagalak

dièak-èak, geus teu tolih di balai, gedjeboer baè Si Gagak-rimang dipeuntaskeun kana waloengan oempalan, hojong geura der taroeng, teu tahan ningali anoe narangtang katjar anggang pangarahan.

Barang broes Aria Djipang ka tjai ger ditempoeh koe wadia bala Padjang. Toembak djamparing bandring djeung pakarang noe lian, koe Aria Djipang teu aja anoe dihiding, haben ngangseg koeda digedig soepaja geura soemping ka peuntas.

Poetra Ki Ageng Pamanahan tjaring-tjing taki-taki baris mapag koe toembak dimana Aria Djipang handjat. Sarta barang srog Aria Djipang ka darat, teu tata pasini dui djeplok baè ditoembak; teu kaktakis milepas mantèn keuna kana lamboengna.

broed?

Nanging nadjan geus tatoe teroes ngamoek ngoewak-ngawik, salira geus mandi getih, nepi ka toengtoengna broe ngaloempoeoek teu tahan tina dihoeroep koe pirang-pirang.

Saparantos Aria Djipang kasamboet, oerang Padjang oenggoel perangna, nja Ki Ageng Pamanahan tampi gandjaran ti Kangdjeng Soeltan Padjang dipaparin tanah Mataram, anoe harita masih kènèh leuweung loewang-liwoeng. Ari Ki Pendjawi nampi pasihan tanah Pati, sakoe-maha anoe parantos didjangdijikeun tadi.

Tah, saparantos ngadadar lalakon Aria Djipang, ajeuna oerang malikkeun deui pangali malikan Ki Djaka Tingkir, naon margina sareng koemaha asal-moeasalna pang dipoeloeng mantoe koe Soeltan Bintara.

Aja samboenganana.



Samoelih ti Soekaoerip Dramajoe, mentas ningali ngistrènan koewoe tèa, mangga ajeuna oerang angkat ka Pamidjahan, sakalian oerang djarah ka makamna Sèh Abdoel Moehji.

—Ari Sèh Abdoel Moehji tèh saha tèa? sering ngoeping djenenganana mah, naha rawoehna ka dieu tèh sareng-sareng Soenan Goenoeng Djati badè ngislamkeun oerang Soenda?

—Euh, manawi kagoengan sangka Sèh Abdoel Moehji tèh oerang Arab, pèdah disebut Sèh. Sanès, ari Seh Moehji mah oerang Soenda, teeroenan Ratoe Galoeh, ari tjèk toetoeranana mah. Eta mah disebut Seh soetèh seseboetan baé pikeun ngagoengkeun salirana alam Arab kawasa di oerang. Geuning ajeuna ogè ka anoe ngolontong èlmoe Koelonna tèh sok dibasakeun: Eta mah *Tocan*. Sèh Abdoel Moehji tèh dibabarkeunana di Mataram, poetra *Kijai Sèh Lebè Warta Koesoemah*, poetoe *Kijai Kental Punengah*, boejoet *Sang Harepen Nembol*. Ari eta Sang Harepen Nembol tèh roendajan ti Galoeh, èstoe teroesing Ratoe Galoeh. Ari iboena Seh Abdoel Moehji tèh djenenganana *Nji Radèn Adjeng Tangan Djiah*. Tah ngan ieu iboena wartosna tedak Arab, roendajan ti Kangdjeng Rasoel.

—Ari panginten tèh oerang Arab. Atoeh ari kito mah karoehoen oerang.

—Hih, 'atoeh kantenan! Anoe mawi perloe oerang oeninga tèa ogè oelah kawarnahaan teuing koe bedja.

Kawarnahaan

—Doepi eta pang linggih di Pamidjahan, koemaha awitna; Naha djadi Dalem atanapi koemaha?

—Sanès Dalem, Wali. Anoe mawi linggih di dinja ngahadja ngilari tempat noe sirna, soepaja iasa djongdjon madepna ka Pangeran. Da ari soempingna ti Mekah mah ka Tjipinaha, kantos boemèn-boemèn di dinja. Ngan patempatanana teu pati soeroep kawasna di dinja mah, lantaran Tjipinaha djadi djembar kadoenjaan, matak ngagembang kana mantengna panggalih, maloem doenja tèa, djadi pangrewong ari ka anoe laloehoeng mah. Nja ti dinja ngalih ka Pamidjahan.

—Iraha badé angkat ka Pamidjahan tèh? Oepami karempagan mah oerang ajeuna baè, meungpoung teu keur répot teuing koe damel.

—Mangga oerang ajeuna baè. Ari batoer mah biasana djararahna tèh moeroe tanggal 12 Moeloed atawa 10 Moeharam. Dina mangsa eta mah, asa di nagara baè di Pamidjahan tèh, djelema nojèk aja reboena, tjeuk noe

bohong mah. Anoe dagang mani neba. Atoeh da sanès oerang dieu baé anoe daratang téh, make aja anoe ti Djawa ti Banten ti Batawi sagala.

—Sapertos maleman ngarak Pandjang-djimat di Tjirebon, atanapi anoe djarah ka Tjikadoeun Banten, manawi?

—Henteu ari tjara Moeloed di Tjirebon atanapi Tjikadoeun mah, kawatanoe Pamidjahan mah kelék djalan, henteu nampeu kana karéta api. Tjatjakan oepami Pamidjahan palebah Manondjaja, kawas moal katjék koe Tjikadoeun téh, doeka ari ngoedag ka Tjirebon mah.

—Doepi éta anoe darongkap téh, naon babakoena maksoedna, naha badè djarah-djarah biasa baé, atanapi minangka moedja?

—Hih, roepi-roepi, aja anoe ngahadja djarah, aja anoe boga maksoed, teu tiasa ditangtoskeun; henteu sapertos ka pamoeudjaan di Goenoeng Koromong atanapi Ka Kawah Tangkoeban Parahoe Bandoeng, ka Tjerlang di Banten téa, éta mah toekoeh toedoeh kana hidji maksoed, anoe hajang beunghar, arék ngeték, njoepang; ari anoe ka Pamidjahan mah ilahar ka karamat baé, pada njoehoenkeun moedjidjatna, kawatanoe ka makam Wali.

Sapertos, anoe sering kapendak darongkap ka Pamidjahan, bangsa anoe baroga kasoesah, hajang salamet leupas tina kasoesahna, anoe keuna perkara, anoe hajang naék pangkat; Malah parantos sering mendakan, aja awèwè datang ka Pamidjahan, maksoedna arék njoehoenkeun karamatna Sèh Abdoel Moehji, soepaja dibalikan deui koe popotonganana. Aja deui awèwè anoe keur nandang kanjeri kabajahkeun koe maroena, bédjana ari datang ka imahna njampak maroena geus dilisanan diserahkeun koe salakina. Bangsa ambtenar ogè réa anoe ka darinja meureun harajang naék pangkat. Ngan aja anoe njarios ari menak mah teu réa anoe ka dinja, sok meunang tjilaka, tjenah.

—Koemaha oepami kitoe, bangsa djelema djahat, bangsat, rampog, aja anoe darongkap?

—Hih kantenan aja mah. Ngan tara aja anoe dimakboel ari anoe kitoe mah. Malah aja tjarios kieu: Hidji mangsa djol hidji bangsat ka dinja, dek neneda hajang laksana ngabongkar imah toean kontrak anoe beung-

har, sing salamet oelah katangkep. Atoeh koe koentjèn diperenahkeun baé, dek nei neda. Na ari reup sare manèhna ngimpdiamoek moending èdan, diomprot dihaben diobrot. Atoeh anoe keur sarè téh walawah-weuleuhweuh hoedang tiboeboerandjat. Tapi teu weudeu, dek deui baé neneda. Sabot keur lelejeapan djol koendial baé nendjo hileud sitataroe sagedè goeloengan kasoer, kasienna kagilana koe hileud téh. Atoeh ngan betjir baé teu tolih di naon-naon bawaning koe sieun. Koe koentjèn ditjaritakeun jén pamènta anoe saroepa kitoe mah lain ka dinja lempengna, salah djalan.

—Djadi makboel henteuna pamaksoedan oerang téh koe impian?

—Babakoena jaktos kitoe, koe ilapat, Tah oepami aja Djoeroetoelis atawa Tjamat anoe dinesna geus lami, hajang geura-geura oengah kapangkatan, mondok di Pamidjahan. Lamoen dikaboel panoehoenna sok ngimpi nandjak ka goenoeng, atawa ngimpi dipajoengan. Engkè impian (ilapat) téh ditjaritakeun ka koentjèn; koe koentjèn diterangkeun naon pihartieunana. Lamoen ngimpi palid, titeuleun, kabawa tjaah, atawa ngimpi ragrag, weu lapoer éta mah alamat sial.

Tapi aja ogè anoe henteu malar ilapat, ngan datang ngarah karamatna baé woengkoel.

—Doepi éta Sèh Moehji linggihna di Pamidjahan téh naon damelna? Kapan ari Soenan Goenoeng Djati mah ngahiras kana djadi radja deni,

—Ari Sèh Moehji mah henteu katjarioskeun njepeng kakawasaan nagara, moeng aja wartosna kana ngawoelang agama, patarèkan Sattariah noe diamalkeun koe andjeunna, tjariosna, Ari Sèh Abdoel Moehji téa. nja moeridna Sèh Abdoel Kadir Djaélani, Wali Koetoeb anoe pangkakontjarana, anoe makamna ajeuna dipoesti-poesti kènèh di Sèdan.

—Kè bet rada hèlok. Sanès ari Sèh Abdoel Kadir Djaélani mah agemanana patarèkan Kadariah téa? malah kapan wartosna patarèkan Kadariah téh, nja hodjah andjeunna pisan.

—Jaktos kitoe; nanging kawasna kieu éta téh. Ngawiridkeunana ka Sèh Moehji nalika Sèh Abdoel Kadir Djaélani teu atjan kageongan pokal koe andjeun, keur masih kénéh

ngagem kasatariahan; kapaéh éta mah Satariah langkoeng kolot batan Kadariah téa. Kiteu ogè, manawi, henteu tiasa ari netepkeun mah.

—Saha di dieu di oerang moerid Séh Moe-hji anoe kawentar djenenganana?

—Hih seueur, sanés hidji doea, ari anoe katjeloeuk moeridna anoe di Tjirebon djene-nganana Bagoes Noedjain, Kiai Boedoer, dj. s. t.

—Eta anoe teu atjan kahartos téh, naon margina noe mawi sakitoe diloehoengkeuna na koe bangsa oerang, dipoendoeng-poen-djoeng tepi ka kiwari?

—Hih, teu aja lian éta mah, kadjabi ti kanjahoan karamatna eukeurna djoemeneng kénéh, sareng karasa koe anoe mertjaja karamatna sanggeusna andjeunna sah ti doenja. Geura engké oerang tanggap baé koentjénna sina ngadongéngkeun karamat Séh Moe-hji eukeurna aja kénéh di keluna.

Tah ti Tasikmalaja téh oerang ngalangkoeng Soekaradja, Tjibalong, Parakan hon-djé, nja djol ka *Saparwadi*, nja ieu Pami-djahan téa, ari nelahna di dinja mah apan Saparwadi. Toeh geuning masdjidna geus tèmpong; éta téh pepentolna, toeh anoe dina poentjak soehoenanana, dadamelan Séh Moe-hji koe andjeun, éstoe tapak pananganana, ngabakalanana ngabangoenna ngoekirna; ajeuna beleger kénéh mangkaning parantos sabaraha ratoes taoen dongkap ka ajeuna. Toeh ari itoe boemi Panembahan Anom anoe beulah këntja, ari itoe Panembahan Sepoeh, nja andjeunna anoe minangka koentjénna. Eta téh toeroenan Séh Moe-hji. Geura oerang teroes baé heulaanan, toeh ti sasak oerang nandjak itoe kana tangga anoe bras ka makam. Rada teu woedoe tjapè kawantos tanggana ogè aja 125 hambal sadajana. Nanging itoe dina pantjoeran oerang kedah woeloe heula.

—Ieu makam Séh Moe-hji téh?

—Itoe béh ditoe, ieu mah makan anjar; malah toeh anoe itoe, pasaréanana Wadana pang-sioen.

Toeh ari makan Séh Moe-hji mah itoe anoe nganggo dikoelamboean saniskanten, dikoebeng kawat sakoerilingna, oerang ke-dah ngaliwat bénténg heula.

—Karaosna geueuman, sareng ieu koe ari-oeh matak betah teu asa di makan. Karwoewoeh — woewoeh moal aja keueungna ieu mah, da sakieu seueurua djelema anoe ngaradji anoe keur djararah.

—Kantenan. ieu téh méh teu aja towong-na siang wengi, malah seueur ogè anoe marondok, kawantos itoe mah apan toeroet sisi tèmboek dipapajonan, djadi toemaninah pisan nadjan badé marondok ogè, da dipaléstér saniskanten.

—Doepi éta roeas awi anoe disarandingkeun koe anoe keur djararah téh, roeas naon.

—Dieusi tjai, tjaina tjai biasa baé. ngan engké dimana maroelang, éta roeas téh dibarawa ari tjaina nja diparaké djimat, pikeun tamba atawa pikeun saniskanten baé; aja ogè anoe dikasawahkeun, dibandjoerkeun dina soengapan ngarah tjoekoel makaja.

—Doepi itoe sapalih deui makam saha?

—Itoe, anoe sisi beulah kidoel makam garwa djeung para poeta. Nja éta:

1. Nji Mas Ajoé Patimah.

2. Sembah Ajoé Tangga.

ari anoe ka opat, makam poeta anoe dje-dengan Bagoes Moe-hji aldin Adjidin.

Ari itoe dina makam anoe sisi beulah Wé, tan, aja tiloe, nja éta:

1 Sembah Ajoé Bakta, garwa anoe mimiti

2 Dalem Bodjong, poetrana.

ari anoe ka tiloe makamna Kangdjeng Dalem Wiradedaha, anoe katelah Dalem Pami-djahan téa.

Ari itoe anoe sisi beulah Koelon, makam poetrana kénéh, anoe djenengan Séh Hadji Abdoellah.

—Ieu mah manawi bénténgna teu atjan lami,

—Aja titi — mangsana, geura aos baé itoe dina loehoereun érang — érang lawangna. Anoe ti loear anoe latar beureum aksarana koe éremas kieu Oengeina:

(Koe margi di kantor tjitak teu aja aksara Arab, djadi teu tiasa diserat pokpokanana basa Arabna, ieu moeng salinanana woengkoel).

Pisoendaeunana kinten — kinten kieu:

Ieu lawang makam Séh Abdoel Moe-hji di Saparwadi. Oepama arandika rék arasoep ka djerona, koedoe hadiah heula ka andjeunna, sarta satoengtoeng aja di djero koedoe

moedji ka Goesti noé Maha Soetji, ngali-sankeun ajat koerän, matja Patéhah atawa Soerat al Ihlas atawa soerat — soerat anoe sedjén lian ti ieu noe doea.

Ari itoe di beulah ti djero titi mangsa téa, oengelna :

Perélingan

Titi mangsa tatkala ngadamel ieu pager témbok makam Sajidina Sèh Hadji Abdoel Moehji Wali Allah di Saparwadi, mimiti pasang batoe dinten Kemis ping 9 Silih Moeloed 1314 tuoen Djim-achier, parantosna témbok dinten Salasa ping 12 Djoemadil-achier 1314 Djim-achier kénéh. Panghoeloe afdeeling Mangoenredja Hadji Oemar.

Ari itoe toelisan anoe koeloneun Lawang, kieu oengelna :

Tatkala ngadamelna ieu pager makam, zaman wailanana di Karang Radèn Runggu Nata Djibdja, madali saluka, Panembahanana Radèn Hadji Abdoerahman. Noe ngapalaanana Radèn Hadji Abdoellah naib Karang. Toekang témbokna : 1 Irnasan 2 Sastra 3 Taboe orang Mangoenredja. Hadji Oemar.

—Manawi oerang maroelih baé ajeuna mah, da djarah parantos.

—Mangga, oerang teras ka goeha deui. Anoe ka Pamidjahan henteu ka goeha mah, tjara ka Mekah teu ka Madinah. Henteu tebih moal sapanjeupahaneun ti dieu tèt. Oerang koedoe sadia obor da poèk di djerona tèt; handjakal teu mekel lampoe listrik. Toeh geuning lawangna. Oerang teh kedah asoep, di djerona ngaraas njoektjroek-njoektjroek tjai djalanna. Tah ieu tjikaratjak anoe pating tjeroeloek ti loehoer tèt, sok ditarandèan koe soengoet ari koe batoe mah, margi dianggap aèr djamdjam.

—Lah handjakal ieu koe sesah ngalèngkah, batoe tarèngtong, obor kirang tjèkas sareng ngaraos eungap deui.

—Hih kedah wajahna baé. Tah, mangga oerang lebet ka djerona pisan; katingali ngagolèndang? Ieu tèt disebutna *Masdjid*; tah éta tilas paimbaran, ari ieu pago koerän. Ari éta liang-liang (Lawang) tèt, liang boentoe baé teu aja pangparatanana. Jaktos, ari tjariosna mah, éta lawang ka Mekah, ieu lawang ka Tjirebon, lawang ka Banten.

Oerang arasoep ka ditoe kana liang itoe, brasna ka *Pangwadonan*; ieu baheulana tempat naretepan istri-istri, noe mawi disebut pangwadonan. Aja deui anoe nerangkeun kadjabi ti paragi istri-istri, sok dianggo kempelan koe Sèh Moehji sareng goeroena, Sèh Abdoelkadir Djaèlani téa, sareng Sèh Mangsoer Tjikadoeen Banten deui; nanging sanès kempelan hoghag biasa ieu mah.

—Mangga ajeuna mah oerang bidjil deui baé, mèh teu kiat koe eungap, sareng ieu obor rèk pareum deui. Ti dieu oerang teras ka Panjalahan djarah ka makamna Embah (Ejang) Kodrat, anoe kagoengan tjarogè ka Chatib Moewahib, makamna ogè ngarèndèng baé. Eta ogè karamat deui, dipoesti-poesti dipoendjoeng-poendjoeng mèh sapertos Pamidjahan baé. Ari éta Ejang Kodrat tèt istri anoe njèpeng kawasa di dinja. Eta margina noe mawi oerang Panjalahan mah, awèwè anoe gadoeh hak kana tanah, anoe nampi waris tanah, sawah kebon tèt; ari lalaki mah teu kènging. Njakitoe deui kawinna, awèwèna mah koedoe di salelewek éta baé, lalaki anoe koedoe anoet ka awèwè.

Nanging éta aja kénéh kapanasaran, hajang terang heula karamatna Sèh Moehji keurna djoemeneng kénéh téa.

Euh, kieu éta tèt tjariosna :

1. Hidji mangsa isoek-isoek, andjeunna keur bararang toeng ngarioeng sapoetra garwa di boemina. Ngarandeg toengna sakadap, ari ditingali koe garwana, tina panganan raksoekanana aja tjai ngagaradjag tepi ka baseuh. Atoeh garwana kaget, bari naroskeun koemaha margina noe mawi kitoe. Ari saorna: Oelah kagèt, ieu tèt bieu mentas noeloengan moerid anoe keur lajar ka Mekah tea, kataradjang toenggara kapalna tjilaka di laoet.

Waktoe eta moerid datang ti Mekah, nganoeloenkeun ka Seh Moehji, pedah geus dihandjatkeun tina bahja di tengah laoet tea koe andjeunna.

2. Nalika andjeunna dideuheusan koe poetoena ti Tjirebon, ieu poetoet tèt kagoengan raos hariwang pedah tetekenna katinggaleun di Tjirebon, inggis leungit, ari teteken, kameumeut: Seh Moehji ngarawèl ka pengkereunana, ari bèn tèt. teteken geus ditjèpeng, sarta sok dipaparinkeun ka noe kagoengan.

3. Nalika andjeunna angkat ka Mataram diiring koe santri-santrinā. Kawantos djalan torobosan kènèh, sanès ngabaloengboeng tjara ajeuna, di djalan sèèpen bekel, nepi ka aja pangiring anoe mèh kalèmpohan. Sèh Moehji ningali anoe kokolopokan ngaraos hawatos, reg lirèn. Ari dirèrèt koe anoe ngariring tèh *katoeangan* geus ngadjagrag. Atoeh ki santri mah makmak-mekmek. Sareng seueur-seueur dui.

Aja deui tjarios anèh, nja èta sok aja maoeng anoe toegoer, kawas ngadeuheus ka makam. Malah aja maoeng bodas ingon-ingon poetoena, rèa anoe geus manggihan inja, sok asoep ka djero masjid, tapi tara ganggoe, djeung tara kanjahoran asoepna atawa bidjilna.

— Paingan ari kitoe mah. Aja deui anoe teu pati kahartos, naha ieu djelema sakiu seueurna, teu aja anoe pating kelepoes arodoed?

Tah, èta tèh larangan, di sawewengkon ieu mah teu meunang aja anoe oedoed, tadi geuning katingali watesna, djadi oepami geus ngaliwat èta, teu kènging aja anoe oedoed. Oepama aja anoe wani-wani ngarempak, koedoe baè bèdjana aja mamalana, aja anoe bèngso soengoetna, aja anoe djadi gèlo, sareng seueur-seueur deui.

Ari margina pang Sèh Moehji ngalarang oedoed, lantaran karaos koe andjeunna aja matakna. Nalika eukeurna djoemeneng kènèh, oenggal Djoemaah sok moeroe netepan ka Mekah, sok radjeun kaporotan, lantaran kaselang koe njesep heula mèmèh djoeng ti Pamidjahan. Tjeuk sakaol ngadadak peteng di djalan asa kalampoed koe haseup, soemping ka Mekah geus ahir, kènging bebendon ti Sèh Abdoelkadir Djaèlani, tina kawas anoe ngabaèkeun kana Djoemaah. Aja deui anoe njarios kieu: Sèh Moehji tèh mimitran sareng Sèh Mansoer Banten, tapi saha anoe koedoe kapi-sepoe, tina pantar babad samartabat. Pikeun nangtoskeun pi-basaèun, nja koe paheula heula soemping ka Masjidil-haram dina Djoemaah noe pang-tjaketna. Koe margi mèmèh Sèh Moehji angkat kaselang koe njesep, ari soemping tèh ka Mekah geus njampak Sèh Mansoer. Ti harita andjeunna ragrag saer moal njesep, nja kitoe deui sapoetra poetoena teu kènging njesep deui.

Saha atawa naon ari Semar.

Samboengan P. S. N. 6.

„Ari djangdji moedoe boekti, soebaja mangka laksana”, meureun saer para Djoeragan anoe ngaraos ganggarateun, pèdah hantja ditoenda dina kakapalangna. Kantenan pisan koe kitoe tèa mah matak karageun, gontot koe ditoenda-toenda, koma ana kaselangna makè djeung ampleng-amplengan sagala mah. Èta margina noe mawi ajeuna ieu diradjah heula koe tama-da: moegi agoeng tjoekoe loemoer, ha-poenten anoe kasoehoen, tina kariweuhan ireug talingeuhna noe djadi pakatjar, da poegoeh ngabaroeng djeung djoeroe ladèn. Ieu ajeuna idangan Ki Loerah Semar dilad-jengkeun deui noemoetkeun toetoeran kitab Pramajoga tèa, dadaran Ronggo Warsito, boedjangga Djawa anoe kawentar ka mana-mana.

Katjarioskeun Sang Hijang Toenggal noeroenkeun kamanoesan kana poepoetra doea, anoe hidji tjahjana hideung, anoe hidji deui tjahjana padang, sina goemelar di alam wawajangan. Barang èta doea poetra geus sawawa, doeanana pada kahè-mengan, teu oeninga koemaha asalna tadi, ti mana awit ngadjadi, pang gelar aja di lahir, saha noe noeroenkeun inja. Doea poetra pada hojong oeninga di rama anoe ngajoega.

Sang Hijang Wisésaning Toenggal, henteu kasamaran koe panggali doea poetra noe pada ngandoeng kabingoeng, ladjeng diti-banan pangandika, koe gentra njata tètèla, nongtorèng kakoeping koe noe keur liwoeng.

Poetra doea haroeng bengong, ngadangoe soara tan katingal taja woedjoed noe ngandika; dina kereteg panggali moal sa-èta tangtoe sabda Goesti Moerbèng Alam; ènggal soemoedjoed bari mioendjoek: „Doeh Goesti kang Moerba wisèsa, abdi

II n°10-11 157
358

doean roemaos ngemban dawoehan pada djadi mahloek Pangèran!"

Ngong deui soara Sang Hijang Wisèsaning Toenggäl kadangoe: „Manèh èstoe mahloek Ingsoen, tapi saenjana nja manèh poetra Ingsoen; anoe hideung poetra tjikal, dipaparin kakasih *Batara Ismaja*, ari manèh anoe bodas, didjenenganan *Batara Manikmaja*. Mangka waspada, hè poetra ingsoen noe doea, andika koedoe pada njaksèni, jèn Ingsoen sanjatana kahanan andika, andika toenggäl kahanan ingsoen, njatana dina penjembeh tjipta; goeloengna anoe ngawengkoè ingsoen, nja anoe di wengkoè koe ingsoen”.

Batara Ismaja sareng Batara Manikmaja pada njaksèni kana sabdana kang Moerbèng djagat, sarta soedjoed ka kiblat salira. Doepi Batara Ismaja ngiblat ka sapoeloech madhab, ari Manikmaja ngan salapan, karana kiblat madia diangga pantjer panggonan salirana.

Batara anoe doea soelaja peta, pèdah ngiblat teu saroea, disapih koe Sang Hijang Wisèsaning toenggäl, didawoehkeun jèn teu aja noe salah, doeanana pada enja, tanda djadi siloka lain peta samanèa. Sarta ladjeng didawoehkeun totondèn djadi pertanda, Batara Ismaja bakal poepoetra sapoeloech, ari Manikmaja salapan.

Batara Ismaja melengek ngadangoe dawoehan bakal poepoetra, tina roemasa taja petana, poegoeh salira batan sakitoe, tjahja gè tjahaja hidoeng.

Koe Sang Hijang Wisèsaning Toenggäl kagalih, ladjeng baè ngadawoeh: „Manèh oelah rèk tjangtjaja, ngolèmbar ka dawoeh ingsoen, karana moenggoeh di lahir, pada aja lalajanan; manèh bakal rarabi ka poetri Dèwi Sanggani.

Batara Ismaja dicesap mastakana koe retina doemilah, sapada harita tjahjana hoeroeng mantjoer toemèdja koewoengkoewoengan. Nanging tina hèmengna panggalih, ladjeng toemaros naon margina anoe mawi kagoengan tjahaja kitoe, saha noe miboga inja.

Koe margi èta Sang Hijang Wisèsaning Toenggäl ladjeng nimbalan ka Ismaja kedah ningali paèsan djati; sarta barang

brèh, atra brajna tjahja padang, pok oendjoekan: „Doeh Goesti, saha anoe bisa mapadaan kana tjahaja kaeola, kaeola noe boga inja!”

Pangandika Sang Hijang Wisèsaning Toenggäl: Hè, Ismaja poetra ingsoen, manèh banget kasamaran kana kawasa ingsoen, djadi manèh mah moal diwenangkeun ngaraton di kamanoesan, agoengna kaloenggoehan ngan oekoer di Soeniaroeri. Oepama toemoeroen ka martjapada, bakal djadi loeloerah, manakawan bari ngatik poetra-poetoena Sang Manikmaja.

Batara Ismaja sanget prihatos, tapi ènggal kènging pangleledjar didawoehan, jèn teu aja bèdana moenggoeh pikeun andjeunna mah, aja di doenja djeung di Soeniaroeri tèh, komo deui rèh bakal boga pangawasa djinoeroeng sapanoehoenna; sarta dina gelarna baris ngagem roeparoepa djenengan: Batara Tèdja Maja, Batara Ismaja, atawa Batara Samara, atawa Batara SEMAR, nja toenggäl kènèh djeung Batara Ismaja, atawa Sang Hijang Djagat Woengkoè, Sang Hijang Dipati Wisèsä, atawa Sang Hijang Soerja Kondo.

Saparantos nampi wangsit sareng piwoelang kadigdjajan, Batara Ismaja nganoehoenkeun ladjeng mios djeung garwana ngaraton di Soeniaroeri.

Tah, ari dina Pramajoga mah moeng sakitoe asal moelana aja ngaran Semar tèh.

Sadjarah Pameungpeuk.

Di district Pameungpeuk aja hidji te-loek noe kagoernita kaagrènganana baris djadi hidji palaboean noe piramèeun, nja èta Tjilaoeteureun. Ajeunana ogè mèh sabban poè tara aja towongna para toean-toean ti anoe djaoeh mérloekeun pelesir ka Tjilaoet-eureun laladjo pitempateun anoe bakal ramè tèa. Sadjaba ti bakal djadi palaboean ramè tèh kiwarina ogè Tjilaoeteureun tèh, hidji tempat noe matak pikawa-äseun, sigana imbang-imbangan baè sarèng

KébonRadja di Bogor; koe lantaran éta Pameungpeuk tèh sakadar-kadar rada kamas hoer; malah Frins Adolf ogè rakana Frins Hendrik, nalika pèlésir ka Hindia geus merloekeun ningali ka éta tèmpat.

Baheula mah district Pameungpeuk tèh ngaranna lain Pameungpeuk tapi *Nagara*.

Koe naon pangdingaranan Nagara bét asa nenggang ti noe lian, kapan noe diséboet nagara mah ramè, ri ieu boro-boro ka ramè tèa kapan ajana ogè di pasisian Garoet, sisi Laoet-kidoel!

Kieu ri saer sèpoe mah: diséboet so-tèh Nagara nja éta pèdah *pinagara-eun*, djagana bakal djadi nagara noe ramè alah batan Batawi ajeuna; djaga mah di mana geus djadi nagara, geus datang ka oegana, Batawi tèh moal sadjèrè-djèrèunana atjan; keur totonèna, oepama neundeun koelit moending sarirang di têngah djalan ka Tjilaoet-eureun, moal koengsi nèpi ka sapoè kaboeroe mantèn djadi léboe, tina koe loba-lobana noe ngaliwat.

Sèpoe-sèpoe noe palèrtjaja kana oega gètèm nakèr ana njararioskeun hal éta tèh, malah doegi ka diètjès-ètjèskeun disebatan pitèmpateunana keur djaga tèh, sapertos:

Katja-katjana, ti beulah koelon: Tjimangkè (kirang langkoeng 7 pal ti aloen-aloen Pameungpeuk); ti wétan. Pagèmbongan (kirang langkoeng 4 pal satengah ti aloen-aloen ajeuna), djadi pilègaeunana kota tèh kintèn-kintèn 11 pal satengah.

Ngaran tèmpat-tèmpat ajeuna saोजना, lain sabongbrong kaseuseueuranana éta tèh prasasat keur tjawisan, kajaning:

Pagèmbongan (wètaneun Pameungpeuk, kabawah koe onderdistrict Tjibarègbèg, ajeunana ngèplak tègal saliaara sapa-lih geus dikarèbonan) di dinja tèh pikeun pasar, sababna noe matak disebat Pagèmbongan ogè nja éta pèdah djélèma ti mana-mana teh di dinja bakal ngagalalèmbongna, lantaran di dinja tèh baris pasar gèdè.

Belengbeng (ajeunana rantja djeung tegal panganganon) keur sawah, da sawah Pameungpeuk ajeuna mah (Tègal boeleud) èngkena bèak dipakè palaboean.

Sawah Tègal-boeleud (sisi kota Pameungpeuk) tah nja di dinja tjénah keur palaboean tèh, èngkena éta sawah tèh dikèdoek ti kidoel watèsna pasir, keur watès minangka aling-aling djeung laoet, ari sisi palaboean ti kalèr nja kota Pameungpeuk ajeuna, djadi dina sawah ajeuna tèh djaga mah djadi tèmpat pasoeuwerna kapal noe milir moedik, kawas di Tandjoeng Priok kiwari.

Paboearan (koeloneun Pameungpeuk, hidji kampoeng bawahan dèsa Mantjagahar), noe mimiti patamboear tèh nja oerang kampoeng éta, ari lantaranana pang patamboear, aboes kana pari-basa djati kasilih koe djoenti, hartina priboemi kasedekeun koe sèmah kapaksa koedoe ingkar ninggalkeun lemboer matoeh diandih koe anoe anjar datang.

Tègal-lajang (kiwarina tègal ngéntak pamoroan oentjal mèntjèk) noe matak dingaranan kitoe tèh nja éta tjawisan pikeun tèmpat soerat-soerat, meureun moen disoerahan koe oerang ajeuna mah keur tèmpat kantor-kantor, tjara kantor, departement-departement, di dinja moengpoengna.

Pangawarèn (tegal saliaara entakan djamangbae-bae ampir satoengtoeng deuleu, djalan ka Tjilaoet-eureun), tah nja di dinja tjénah pitèmpateun gèdong noe alagrèng tèh. Aja deui noe nèrangkeun di Pangawarèn tèh bakal aja leuit salawè djadjar, sadjadjarna salawè-salawè, malah tjeuk sawarèh mah leuit-leuit djeung gèdong-gèdong tèh ajeuna ogè geus aja, keur tjawisan djaga, ngan di djèro taneuh kènèh, èngkè tèh dimana rèk djadi nagara bènèr, djol-djol djlèg baè aja, noe matak di Pangawarèn mah ana ditintjak taneuhna sok ngagèlèndroeng. — (Nanging dji-sim koering sèring mèndakan salian di Pangawarèn ogè di tèmpat anoe sisi laoet mah seueur pisan tèmpat anoe ditintjak sok haroes ngagèlèndroeng, pangintèn baè koe margi di handapna keusik bèar (ngèproel) di loehoer taneuh, djadi tiasa haroes djalaran di handap seueur tèmpat hawa anoe ten padet kaeusian koe roepi

360

II n° 10/11

TGC. 18 & 19 Januari di Batukant
 Gerard Belorme
 reporter de la
 Television Française

100,000
 200,000
 30,000

Batukant
 Pa Uwer (lebe Batukant)
 -Kuda Camping-

Solid Sufana Kadugalan
 nembongkeun (159) teu teu
 contoh teu teu
 seubeut 40,000 - 5000
 Pa. Daching Sufana N.
 Sederhana 6 Bdg.

barang (ngolowong); da di pagoenoengan mah noe taneuhna kékét ti toehoer doegi ka handap, tara aja noe haroes sapértoe kitoe).

Tjilaoet-eureun, di dieu bakal djadi hidji palaboean noe mashoer ka mana-mana. Noe mawi disébat *Tjilaoet-eureun* téa ogè nja éta pikeun pang-eureunan, djadi sadajana kapal noe ngaliwat, di *Tjilaoet-eureun* mah dipastikeun eureun baè, kadjoeg-djoeg saking koe ramè-ramena. Pasar di loehoer laoet ogè nja di dinja bakal ajana, margana di loehoer laoet témah sanès lantaran naon-naon, pangintèn awahing koe geus sésèk baè di darat seèpeun tempat.

Tina koe ramè-ramena nagara, saking koe seueur-seueurna djalma, oepami parantos doegi ka oegana, di Nagara (Pameungpeuk) tèh bakal djadi sésah koe tēdaeu, karèmbong tjinde' hidji tèh moen ditoekeurkeun, oekoer kènging waloeh tjina saèsè, djadi moerah sandang soesah pangan.

Lampoena ogè tjénah djaga mah ti katja-katja koelon doegi ka katja-katja wétan tèh teu kédah diseuengeut deui, saban Magrib braj hoeroeng sadajana, nja kitoe dina èndjing-èndjingna teu kédah ditioep deui, pes baè sadajana pareum — (Pangintèn baè listrik. Oepami dièmoetkeun, asa hèlok, naha éta anoe baheula bēt iasa ngintèn ngintèn. Djisim koering teu kintèn hēranna noe baheula ngadadarkeun pèrkawis oega oeninga kana listrik, sèdèng éta sèpoeuh noe nèrangkeunana ka djisim koering ogè, lapoer saemoerna boeleud hoeloe tjan ningal listrik, tērang ogè noe koemaha ari listrik, teu atjan, kawantoe noe saemoer-oemoer aja di Pakidoelan tara mantra-mantra njaba ka noe ramè).

Sadjabina ti ieu seueur deui tjarios-tjarios pèrkawis oega, nanging koe èmoetan hēnteu pèrloe didadarkeun di dieu, da sanès badè njarioskeun hal oega, ditjatoerkeun sotèh ieu mah moeng ètang-étang katérangan kana tempat noe dingaranan Nagara téa, soepados aroeninga jèn asalna tèh kitoe. Doepi badè pèrtjantèn hēnteu mah, nja koemaha manah baè.

Naon margina Nagara dilandi Pameungpeuk?

Margina kieu: disébat Pameungpeuk tèh margi didjéro éta pakemitan aja batoe di tengah lēmbouer ngarioeng agèngna kintèn sami-sami sarèng tolombong. Eta batoe tèh wastana batoe Pameungpeuk; dja di disébat Pameungpeuk tèh katèlah koe éta batoe.

Eta batoe tèh ajana, naha ti barang ngadég alam doenja, geus djoenggèrèng di dinja?

Hēnteu, éta batoe tèh tjèk tjatoer para sèpoeuh mah ajana rada bèh dieu, nja éta sanggeus goentoer laoet, sanggeus *Tjipèlèboeh* mēngkol ngidoel, da baheula mah djaman *Tjipèlèboeh* noendjang ngoelon ngamoeara ka *Tjilaoet-eureun*, éta batoe tèh euweuh, malah lēbah dinja teh tengah-tengah waloengan. Noe matak ditèlahkeun batoe Pameungpeuk ogè, nja éta batoe noe meungpeuk *Tjipèlèboeh* noendjang ngoelon.

Koemaha mimitina pang aja batoe éta tèh?

Atoeh koedoe njoektjroek heula poepoehoenanana oerang tjokot poerwa wiwitan ngadjadina, kieu tjénah asalna.

Di Pameungpeuk ajeuna tèh, beheulā mah leuweung gèlédègan boro-boro ka aja lēmbouer téa di dinja tèh padoemoekan ma-oeng djeung roepaning sato hēwan tara mantra-mantra kasaba koe djèlèma. Ari lēmbouer noe gègèk di *Tjikopo* (girangeun Pameungpeuk). Djaman éta di dinja loba noe baleunghar, moending itoeng pasiran tèh lain omong bobohongan, djeung djèlèmana rata-rata njalantri; tjatjakan waktōe harita djaman ka Mèkah makè kapal lajar kènèh, noe tjan tangtoe boelān taoenna koedoe ngangkleung di laoetan, lantaran kapalna koedoe noeroetkeun angin baè ma djoena, tampolana loba noe toeloj tikèlèbèk djadi parab laoek laoet. Tapi oerang *Tjikopo* mah loba noe geus djadi hadji, malah di lemboer éta aja kiai sagala.

Katjatoerkeun dina hidji mangsa ka *Tjikopo* datang hidji loetoeng, djolna ti leuweung, aboes ka tengah lēmbouer ger koe baroedak pada nalènggoran, tina bèrèndjit

ngagoeroeh, kolot-kolotna ogè ka loear miloe moroan sang moñjet hideung. Ki Loe-toeng bangor dibalédogan tèh kalahka ngalélèwaan sémoe, noe taja kagimir sēnang-sēnang baè goegōentajangan talalepa dina loehoer dahan kai. Gantjangna oerang lēmboer kabèh toengkeb pada miloe moroan, èar djalma noe soerak bari dibarēngan-koe pamalēngpēng djeung pamalédog.

Tina kai kana kai deui èta loetoeng ka loear ti lēmboer Tjikopo, ti handap pada ngabring-ngabring gantjangna boes deui ka lēmboer sēdjèn, nja èta lēmboer Tjidahon.

Dadak sakala èta loetoeng barang nēpi ka lēmboer Tjidahon rada sémoe lindeuk nēpi ka kékna beunang ditèwak, dikoeroengan koe ranggap paragi maraban hajam di pipir, dirogrog pada ngalaladjoan.

Di antara djalma noe sakitoe rèana, aja hidji kolot oerang dinja noe sakadar aja kanjahona, pok manèhna ngomong, pakna: „Ari loetoeng tèh tjeuk kolot mah sok aja toengtoengna. Tjik lisi lain loetoeng samanèa, geuning bēt asa bageur-bageur teung dikoeroengan tèh teu daèkeun adoeg gabroet ojeung teu pati èraeun koe djëlèma ogè deui, bēt kawas lain sabongbrong, hajang njaho oerang dodja, kabiasaanana ari loetoeng leuweung mah taja lian noe didaharna ngan bangsa poepoetjoekan, salian ti èta tara daèkeun. Ajeuna koe oerang oerang soegoeh roeroedjakan djeung kadaharan; lamoen baè loetoeng biasa, geus tangtoe moal daèkeun, tapi lamoen lain saloetoeng-loetoengna, tangtoe panjoe-gohan oerang didahar”.

Kotjap èta kolot boel ngoekoes ngado-waän keur soesoegoeh, song diasongkeun, diaboeskeun kana djero ranggap.

Sang loetoeng kawas geus mangarti, barang song ogè teu antaparrah deui, roedjak djol légoek diinoem, kadaharan djol kedewek baè didahar. Atoeh kabèh pada hēlok; disēboetkeun loetoeng koekoet, da euweuh noe manggihan, aja djalma ngoekoet loetoeng, disēboetkeun loetoeng leuweung, meureun moal daèkeun dahar panjoe-gohan; tètèla tjèk sangkaanana moal salah leuh, tangtoe lain loetoeng samanèa.

Sabot kabèh ngaharoelēng bingoeng koe mikiran èta, naha naon gara-garana, aja doea boedak nēmpto kana ranggap, koe èta loetoeng ditjidoehan.

Beurang kasapih koe peuting, djalma-djalma baralik ka saimah-imahna, èta loetoeng anggēr baè dikoeroengan satadi. Kokolot tèa ladjoé diangir mandi, reup peuting mēnēkoeng moedjasmèdi. Barang reup sarè djol baè dina itoenganana, ngimpi ka soempingan tamoq agoeng noe anjar pinanggih. Saor èta tatamoe: „Bisi manèh teu njaho aing tèh nja noe ngaroepakeun loetoeng tèa. Pang datang ka deui aing rèk mindahkeun waloengan Tjipalēboeh oelah sina ngamoehara ka Tjilaoet-eureun; maksoed aing isoek arèk ka Tjilaoet-eureun, koe manèh koedoe dianteurkeun.

Aing hēran katjida, datang ka lēmboer Tjikopo bēt rèk pada nganiaja; sakitoe deui keun baè, meureun euweuh noe njahoeun mana baroga karep rèk mergasa ogè; tapi hatè rada mēntēgēg baè, di dinja koe saroepe euweuh noe djadi kokolotna; geura deuleukeun ēngkè!

Bisi manèh rada tjangtjaja ka aing, aing mèrè totondè tadi geus njidoehan doea boedak, awaskeun èta doea boedak djagāna bakal ingkah moal aja di bali geusan ngadjadina.

Sakalian aing mèrè ingēt sakeudeung deui baris aja gara-gara noe pohara, koe hal èta manèh djeung sararèa koedoe ati-ati. Sakitoe baè”.

Barang ras ingēt èta kolot gantjang pa-koepis hadjat njalamètkeun saaja-aja, djeung èta loetoeng dipoendjoeng-poendjoeng.

Isoekna èta loetoeng dikaloeurkeun tina ranggap, adjaib kawas noe geus ngarti, djol ingkig baè indit madjoé, leumpang noedjoe ka lēbah Tjilaoet-eureun diiringkeun koe kokolot djeung sawatara batoerna; barang nēpi ka tēngah leuweung tjat èta loetoeng naèk kana loehoer kai lēs baè teu tēmbong deui, noe ngalanteurkeun gantjangna moelang, sadatangna ger hadjat.

Doea boedak noe ditjidoehan loetoeng tèa teu mangkoek sabaraha lilana boeboe-

Tin 10-11

161

362

djang di Kawadanan, ti dinja pindah-pindah, nēpi ka kiwari teu aja bédja-bédjana atjan.

Sawangsitna loetoeng teu njalahan deui jèn baris aja gara-gara pohara, ana gēr tèh goentoer laoet noe pohara pisan, lambak djédjélēgoeran sagédè-gédè naon, pasir aling-aling sisi Laoet noe sakitoe loehoerna geus teu tēmbong poentjak-poen-tjakna atjan, pirang-pirang lēmboer kakeueum, Tjikopo noe sakitoe loehoerna djeung djaoehna kira doea pal ti Laoet ngēmbēng kakeuēum, lambak tèh dar-der meupeus di sisi pasir tonggoheun lēmboer. Tapi anèh ari lēmboer Tjidahon mah noe sakitoe handapna koe laoet teu kakeueum, tjèk bédja mah lantaran di dinja aja pakoeboeran Wali. Harita oerang Tjidahon bisa noeloengan hidji Kiai oerang Tjikopo noe keur djadi sarah antjleung-antjleung di tēngah sagara; disodaran tambang nēpi ka salamētna tina bahja maot, teu toenangan babatang rek dikoeboer.

Lemboer Tjikopo noe sakitoe gēgēkna tèh rangkad kabawa dibèbaskeun koe tjai.

Sanggeusna saät balik sabiasa asalna deui, bangké patoelajah di oenggal tēmpat geus teu poegoeh bilanganana. Noe salamēt leupas tina bahaja ngabring njaksrak nēangan babatang rek dikoeboer.

Di sisi hidji rantja sisi laoet aja tangkal gēbang loehoer, di loehoerna aja boedjal ngait kana palapahna, doeka boedjal oerang mana, nēpi ka kwari èta rantja katelah *rantja boedjal*, hilireun èta kira kira sapa, bēh deui manggah peudjit djēlēma, nja kitoe njangsang dina gēbang saperti noe tadi, nja nēlah ajeunana Tjitja-doe.

Katjatoer waloengan Tjipēlēboeh noe noendjang ka koelon, djadi mēngkol noendjang ngidoel, dina lēbah pamēngkolanana aja batoe ngagoendoek nja noe disēboet batoe Pameungpeuk tèa, hartina meunpeuk Tjipēlēboeh soepaja oelah ngamoeara ka

Tjilaet-eureun. Tah ti harita ajana batoe Pameungpeuk tèh.

Tjeuk patjatoeran karoehoen saha-saha noe geus mindēng nginoem Tjipēlēboeh sok keleboeh, hartina toelōej boemētah di dinja. Kaboektian ajeuna noe njitjingan Pameungpeuk tèh rērèana djalma ngoembara.

A. Ganda Prawira.

Kidoeng

kagegelan A. Ganda Prawira

I

Ieu kidoeng paragi ngambah alas (leuweung) noe saranget atawa lēbak, goenoeng noe tara kasaba djalma, boh ka mana baè, kalimahna kieu.

Peling sèrat Radèn Rangga Teling, toemenggoeng Rangga Woeling, Raden Sastra kandoeroean. praboe Walima wajang. ki Dipati ing ngalaga, kanagan wajang ka anèro bangsa poetra, panoetan Goenoeng Agoeng, noe njalikan lēmah poetih. Ratoe Soenda tanpa Radèn Alip. Moe-lane angintoen serat tanggal ping opat Moeloed, anasi iahè ingkang poetra ing Toendjoeng bang ing Lakkok, ing Santjang, ing Goenoeng Agoeng ing Goenoeng Tjiremaj, ing Goenoeng Goendoel, ing Goenoeng Tangkoeban Prahoe, ing Goenoeng Sèladatar, ing Goenoeng Tjangkriman, ing Goenoeng Siem, ing Goenoeng Astana, babakan Pangèran Djadjatsangsara Ratoe Soenda koesoema di Noesa Djawa.

II

Poenika kidoeng rempak baja.

Paranti njampè noe. gèring atawa tjai tjaäh, hoedjan gedè, seuneu gedè, atawa njoesok, njieun imah, ngarēmpoe hoe-njoer, njieun babakan, njaba ka leuweung anoe sangèt, ka goenoeng-goenoeng, ka lēbak-lēbak, ka pasir-pasir, naon baè noe

saroepa tara kaambah koe djëlëma, geura pakè baè ieu kidoeng „rempak baja” para-gi ngaroeat imah atawa lomboer, ieu kalimahna:

Ini kawih rempak baja koehatsi dèwa Radja Kasih, pindah sarè mangka oelah kadjongdjonan, oelah loepoet kadangdaloean, saking oesik saking mobah satingkah saparipolah, anaking eusi boeana, dèngèkeun èta soara, teu di loehoer teu di handap, soara taja lebahna, da èta sora dèwata, titiahan Sangiang Lara noe ngalarang di boeana, larangan para dèwata, boehatsi soeka asih koehatsi lèla asih, koehatsi antara kasih, koehatsi titahan Sangiang Larang, larangan aja dimana, mana hantoe hēnten njatœ, mana sētān teu ngahakan, mana djoerig henteu beuki, sakitœ aja basana, da wedi lèla antara kasih, nja eta poerwaning djaga, dèwata dèwa toempak, ti soara dèwa toempak, dioetjapna nangtoeng toempak, dirasana rasa hēnteu roepa dina raga, hēnten ngarasa di dinja, Sangiang Larang noe ngalarang di boeana, noe aja di poerwaning djagat, ati poetih mana rasa, panjoempoetan noe haraneut, atji poetih noe ngalèmbok herang, nja èta paramoedita, koeriping boemi langit, sang singgah herang hoeriping boemi, sangsih loepoeting herang, hoeriping langit sangsih karadjati, hoeriping peuting sang hērang lènggang, hoeriping srangèngè sang sih sadahintœ sahoeriping woelan sang sih warœga larang, hoeriping angin sang sih balœga hērang, sang hoeriping katoembiri sang barœ, hoeriping awang doegari, hoeriping goegoer doegari, hoeriping kœtoeg sang sih roekamaja, hoeriping hoedjan sang si labodjang, hoeriping gèlap sang maja, hoeriping kilat èta kanjahokeun, hoeriping noe di handap sang si Badoegoel Woeloeng, hoeriping goenoeng sang si Badoegoel Djēntœl, hoeriping batœ sang si Giri, hoeriping wesi sang si Awaka, hoeriping hœnjoer sang si Wirija, hoeriping lebak, ari ngeusian leuweung sang si Mirah Djaja, hoeriping matjan sang si Wiradjajakala, hoeriping badak

sang sih Wiradjaja, hoeriping banteng sang si Badjoelang, hoeriping oentjal Bababong, hoeriping mentjek sang sih Rego, hoeriping tjeleng sang Sengeng, hoeriping peutjang sang Tjeuk, hoeriping ganggarangan sang Tjela, hoeriping oraj sang Batawa, hoeriping landak sang Loh, hoeriping langgir sang Moeloeh hērang, hoeriping djalan sang Lembak herang, hoeriping laœt sang lemah djati, hoeriping tjadas sang loeloer maja, hoeriping dèwa sang lahir, hoeriping sagala ratoening djoerig sangsih kanda, hoeriping hoeaja sang djenar, hoeriping kœja sangsih marœga, hoeriping keujeup batara troes boeana, hoeriping moeara batara rœgo boeana, hoeriping poeseran ageung balœga basaj ana ka handap balœga basajana, ka loehoer larang angkat, noe djadi angin sang boenering, hoeriping dèwa boejoet sang toekara ratoening sakeh silœwoeng sang kanda heta ratoening sakahewan sakabeh ratœ boeta, sang singgah hoeriping awewena, sang boedani hoeriping koetana, sang kalawisœsa hoeriping Mantrina ngaran awèwèna sang roetkalarang, sang sih nakar ati ngaran dajœuhna, sang sih kamdjah ngaran panglampahana, sang sih reka-reka ngaran djalmana, anœ loba sang toesar ati, ngaranna doekœhna poepœch timpœch panteg perlèntè sadjagat pramoedita rasa aing loesadjagat kabeh, nja aing poerwaning djagat, nja ngaran sangiang larang, noe ngalarang di boeana anœ njetjek di boeana iki nja bajœ poerwaning sidamana baja henteu aja ini bajœ poerwa sakti, mana hiri henten djadi ini kajœ perwana dèwa henten ngarah, ini tawih poewa sakti mana mantri henteu dengki sahadjahnana hanteu ngarah saleumpang-leumpang aing hoeroeng satangtoeng-tangtoeng aing salakœ-lakœ aing loba noe roesoeh saleumpang leumpang aing loba noe haät ka diri aing loba noe asih; moen aing aja di ratœ, Ratœ noe asih ka aing; moen aing aja di menak, menak noe hēman ka aing; moen aing leumpang djeung dèwa, dèwa noe ngaraksa aing; moen aing leumpang djeung mēnak, mēnak noe ngaraksa aing, nja aing ratœ sagala pamakè rat djagat paramoedita.

II n= 10. 11 163
364

**Kagegelan ti Djoeragan Em-
poe H. O. Tomo**

Adat adat oerang Tjidjoelang.

Paadatan sapopoëna, djamak saadat saperti di sanes tempat baè, moeng dina papakèan awèwèna noe aja dipilëmboeran masih katarik kènèh koe kaloemrahan adat beheula, bariasa kènèh dibadjoe koe-roeng hideung beunang neuleum dina pidjanaan, samping nja kitoe kènèh, karèmbang tinoenna kantèh badag disaloerkeun, aja ogè noe diramboean. Oepami dina poè pasar, poè marèma pakoempoelan ti kampoeng-kampoeng katingalna nakleuk hideung, Aaisanana boh boboko atawa said, loemrah saperti noe ngagandong, ngais dina bobokong.

Dina waktos harita tērang teu aja anoe daèk tjetjeremed ngoetil tēh, tētēbiheun kana rarampog babadog atawa bebègal mah, margi masih kapoecek ka sipoech koe adat karoehoenna, pageuh goegon toehon kana bidāh kapērtjajaan rēmpān teu wēleh inggis-risi, koe goena wisaja, bok bisi dikaniaja disēbakeun ka Siloeman sileman.

Eta kapērtjajaan pageuh dibaroeng deui koe kapērtjajaan agama, boektina oepama, hidji anak diwaris sarakit moending koe bapana, dimana ēta moending geus rēkah djadi 2—3 rakit, dina waktōe hadjat mendak bapana, kēdah baè milih 1 moending noe moeloes bangloes, teu aja tjatjadna sanadjan saeutik. Eta moending dikoerbankeun, dagingna tēras ka koelitkoelitna dibagikeun, ka para oelama, sarat kaoem, prijaji djeung sabatoerna. Ari noe bāga kawas ditjadoekeun atawa diharamkeun kana nēda ēta moending noe dikoerbankeun tēa, ēta disēbatna koe oerang dinja tjenah, „Moelangkeun bibit”.

Di dinja aja kaanēhan nja ēta adat anoe teu kapendak di sēdjèn tempat Saban-saban kampoeng djaba ti parēntah dēsa, aja deui kapala loeloegoena boedjang-boedjang djeung landjang-landjang, ilahar disēbatna Loerah Boedjang, Loerah Landjang,

beunang milih boedjang, doeda, parawan atawa randa anoe disangka sakira loba kabisa, gēdè tēmah wiwahana, bisa noengtoen ka sasamana. Gawēna ēta Loerah boedjang tēa kadjaba ti nalingakeun kalakoean wilajat-wilajatna, kana pagoejoeban karoekoenan deui, toeloeng-tinoeloeng, sabiloeloengan djeung pada batoer, samēmèh maranehna laki rabi, kitoe deui oepama salah saorang diantarana rēk kadatangan doeriat samēmèh datang ka kolotna koe-doe datang heula ka Loerahna tēa, tidinja kakara ka kolotna dibarēngan koe Loerah loerahna. Oepama tjèk Loerahna geus aja noe njeureuhan, leuwih ti heula ti manēhna, ēta tara wanieun maksa.

Sarta oepama aja boedjang atawa landjang, anoe moeroegoel adat mahiwal ti batoer, teu noeroet kana parēntah, toer teu beunang dièlingan koe pada batoerna, hoekoemanana, tara ditarik tara ditakon, koe pada babatoeranana, djadi hiroep kapaksa njorangan, sarta dina pinanggih bantjang pakēwoeh tara aja anoe noe-loengan.

Raramēanana

1. Moeloedan.

Ti barang tanggalna kènèh boelan Moeloed, Loerah boedjang geus ngoelintjer baè, mēntaan doeit sasoe kana, noeroetkeun koe maha perjogana, ti pada batoerna, noe pada lagas tēa, ēta doeit dimana geus rēngsè kapoepeol kabèh, koe si Loerah boedjang tēh dipasrahkeun ka Loerah landjang. Dimana geus deukeut kana waktoena, dikira pisaminggoeun deui, kana prakna Moeloedan, ēta doeit toeloj dibalandjakeun, kana naon kapērloeana, djaba tidahareun, „kērētās kēmbang, oedoedeun, djeung seupaheun”. Waktoe landjang-landjang tēa digarawè, naon-naon kapērloeana sasadjen keur Moeloedan; sawatara boedjang pada ngaladēnan, naon kapērloeana, lalaki, kajaning ngala soeloch, tjai, roeat-roeat sarēng sadjabina.

Dina waktōe poēan bregna Moeloedan nja ēta dina tanggal sawēlasna boelan ēta. Loerah landjang sabatoerna, geus pagētōl-gētōl, pada hajang nēmbongkeun pangabi-

sana, pada mapaésan hidji balandongan, sarta dihadja bilikna koedoe noe rada tjarang. Sabada mapaesan adéganana, nembè dër ngambeng, ngoedjoerna ti koelon ka wétan, ambengan sisihan dipaselang djeung amis-amisna agër, noe diroepakeun mamanoekan, lalaoekan ngabagoeg dina basi, sarta sikatan tjaoe. Antara ambéngan diselang deui koe kembang keretas, noe diroepakeun tatangkalan roepa-roepa, ting arèmplad dahanna kawas noe ngagoepajan; di tengah tengahna, aja doea tiloe toempeng, laoekna hajam, endog djeung laoek tjai. Sisi-sisina èta ambéngan tèa diképoeng, deui koe bokor atawa talèm, (moen tèu aja, kolokop tjaoe dadakan) noe pinoeh dieusi lepit atawa sapoeratina seupaheun. Eta sasadiaan teu aja kasèlapanana woengkoel kèdah kènging landjang tèa baè.

Sasalsèna ngambeng, ngan oekoer aja hidji doea baè, landjang anoe ngadjaga toenggoe ambéngan, ari noe sanèsna goesak-gasik pisan baralik ka saimah-imahna, balèbèrèsih diangir mandi, marakè pahadè-hadè, saaja-aja, saboga-boga, pagandang-gandang ginding leuwih ti sasari; sanadjan dina boboran Sawal ogè di dinja mah tara kitoe. Makè noe kitoe koe oerang dinja disèbatna „nèbèng madjakahkar”.

Reup, peuting dina malèm ka doea wèlasna tèa sareupna kènèh ogè, geus raboel boedjang-boedjang tèh noe njakitoe deui, pada beunang ngaginding pagandang-gandang, noe tara ge dibèndo harita mah mèdèd, blèg bèndo tjigadog, kadjeun torèk ka roengkoepan tjeuli, asal kasèp katèndjona, sarta pada njarorèndang terebang gedè, ngadjégir nèngahan awak noe ngagandong. Sadaja pada maksoed rek Moeloedan, balakètjrakan dahar leueut. Sambian bari pada nembongkeun roepa djeung pangahisa maksoed ogè njipòeh pangaweroeh Doer, bèdoeg tjiri tètèngër Isa di masigit; si boedjang-boedjang tèh kawas geus teu kènging diampeuh deui hatena, dër tataloe, patarik-tarik nabeuh tèrebang, geus geundjeung lain dikieuna, teu pogoeh dèngekeuneunana, bari dibaroeng kawih,

sora ngadjèrit ting darèngèk, pada hajang katara, ieu kalakoean nèpi ka tèngh peuting, di dinja nèmbe ngaraso bari ngaropi, dahar balakètjrakan.

Dimana ari Nji Loerah landjang sabatoerna, naha laladjo dibalandongan, sabiasa djamak djeung noe sèdjèn?

Anèh! di djero balandongan, teu aja ngoelamprèng awèwè hidji-hidji atjan, sihorèng ting koelamprèngna, loer-lar di loeareun balandongan, bari ting taroong, hajang nèndjo noe di djero balandongan. Oepadi anoe geus pada boga beubeureuh mah, mani nogel-nogel baè; tina bawaning hajang sidik ka beubeureuhna, kadjeun tjangkeul asal seubeuh nèndjo, malah bari pada ting karoewès haharèwosan, pasini noekeuran roko koe lèpit noe disajagikeun sakoeriling ambéng tèa. Noe teu aja beubeureuh nja waktòe harita loba kaeunteupan birahi, tampolana loba noe meunang pi salakieun atawa pipamadjikaneun, tjin-dèkna nja hrita pada hajang mareunang djodona. Atoeran kieu di dinja mah djadi lèmèk paomongan, loemrah disarèboetna „noong”.

Waktos ngaso tèngh wèngi, kakara si landjang landjangna arasoep deui ka balandongan, maksoedna rèk mangmoerakeun toempèng ngabagikeun kadaharan, ka boedjang-boedjang djeung sabatoerna. Sabadana brak dalahar balakètjrakan, soekan-soekan bari silih tèma sempal goejon, koe sindir djeung siloka anoe ngandoeng harti, basana djeung babasanana teu beda sapèrti sèsèbrèd ronggèng atawa ogèl, ngadalang tjara dina gondang teu ditinggal. Sabada bararang dahar, dër deui baè narabeuh taja kèndatna nèpi ka braj beurang.

11. Djogèd.

Ajana ieu karamèan biasana di noe kariaan, boh njoenatan atawa kawinan. Pètana pidoea minggoean deui; sanggeus noe boga hadjat babadamian djeung palawar-gi noe sèdjèn sèdjèn perloe manèhna badami deui djeung Loerah boedjang-lan-

djang, maksoedna soepaja Loerah landjang koedoe ngeprik ka sabatoerna, kana noeloeng noetoe, anoe dilagoekeun gondang tèa; ari Loerah boedjang pèrloena ngèmarkeun ka wilajatna, noeloeng soeloh djeung daoen noe märeunang ngalana ti leuweung.

Samalah sagala atoeran soesoegoehna ogè pikeun boedjang-boedjang djeung landjang-landjang tèa mah, tara patjorok sareng kolot. boh ngasakanana boh prakna njoegoehan. Ari boedjang-boedjang mah dina ngopina atawa dáharna ngasakanana, woengkoel beunang nji Landjang-landjang tèa, margi dibèrèna keur soesoegoehna tèh koe noe noe boga karia atahan.

Oepama rèk ngadégkeun „djogèd” noe boga hadjat koedoe ngadegkeun adéngan noe sajaga kakoeatanana, sangkan oelah kadjadian eunjeuh dina waktoena dipakè.

Atoeranana djogèd kieu :

Kira wantji Isa, geus raboel boedjang-boedjang malah aja ogè sapolih anoe geus laki rabi anoe masih katarik koe kasoekaanana, pada marawa tèrebang gède, lobana djalma di balandongan meh saroea djeung labana tèrebang, sabab djadi pamojokan gède pisan di dinja mah oepama hidji boedjang teu boga tèrebang noe koelitna koelit moending tèh, diseboetna djalma tèu boga wiwirang”.

Doer Isa, noe dji kokolotna, geus ngéoen ngoekoes di tengah balandongan tea, nènda ka Batara ka Batari noe ngageugeuh Tjidjoelang, njoehoenkeun diijohan ditangtajoengan oelah aja pantjabaja, salamèt dina waktoena djogèd; sarta teu tinggal babaktina, djaba ti ménjan bodas sarèng kadaharan dina antjak sapoeratina, minjak seungit, rampè djeung kembang warna 7 ka Nji Poehatji, endog hajak ka noe ngageugeuh di dinja, èta kabeh diamparan koe boéh.

Saparantos babakti geus dikoenkeun kasadajana, nembè brèng, tataloe djamak sabiasa Moeloedan baè. Watara sadjam ti harita rèngkènèk aja noe ngigèl lagoena, „Kembang beureum, atawa Bèndjang”, nandakeun, tjenah kasoeroepan, ti karoeoenna, noe biasa sok ngigel. Toetas èta

nembè brèng aja wèlasna noe djogèd ting alèdjang, ting aladjrèt dibaroeng bari ting djarèrit, ting gorowok teu aja kèndatna, malah bari silih djongklokkeun, silih soentroengkeun, bari ngoerilingan koekoes djeung sasadjèn tèa, ka peutingnakeun mah, bari dibarèngan morobotkeun pèpétasan atawa njeungeut mèrètjon di dinja, ditèmpatna adjroeg adjroegan tèa.

Hate soemeredet aringgis bok bisi aja anoe tjilaka, da titingalan woengkoel djalan balahi. Nja kaboehtian sok radjeun ogè aja noe bloegna pisan tisoesoet, nèpi kalaboehna, kairik kasèsèrèd koe batoerna, nèpi ka leuleus ngan kari èmpas-èmpès ambèkanana woengkoel. Tapi anèh pisan kadjadian kitoe tèh bèt istoe teu didjieun reuwas reuwas atjan, anggoer si èta noe roeboeh tèh di paranggoel sok digolèrkeun didjarian, oer baè dibandjoer koe dalangna; teu mangkoek sadjam, geus tjèlègèdeg deui baè, djagdjang satadi deui waras teu sakara-kara. Atoeranana noe djogèdna silih gènti baè djeung noe nabeuh, djadi sadaja bisa nabeuh, djeung djogèdna.

Atoeran njoegoehanana noe djogèd, samèmèh bringna, kèdah baè disoegoeh angeun „bagedor tjaoe manggala” ditjam-poer boros hondjè, tjipati djeung daging laeok hioe, sanadjan di noe kariaan meuntjit, moending, loebak-liboek laeok ogè, èta mah tara tinggal, margi agèng kènèh kana kapèrtjantènan masih dianggo toembaal sangkan oelah tjambal pangabisa, woeoh èmoet ka pangawèroeh.

Panambih ti Redaksi

Kadjabi ti kintoenan Djoeragan-Empoe, Redaksi nampi deui katrangan adat oerang Tjidjoelang ti Djoeragan Wadana Tjidjoelang, anoe dipoendoetan koe K. T. A. R. Tasik mèh sami baè sareng ièu.

Taja sanès Redaksi oendjoek noehoen ka Kangdjeng Toeang *Asistent-Resident Tasikmalaja*, anoe parantos kersa makihikeun kana pieusieun Poesaka Soenda, nja kitoe deui ka Djoeragan Wadana Tjidjoelang teu kirang-kirang nja hatouer noehoen.

Redaksi.

Wawatjan Siliwangi.

Samboengan P. S. No. 11 taoen ka I.

Koe margi sanés doean tiloean anoe maendoet samboenganana ieu wawatjan Siliwangi, anoe pegat katoenda ti awit Nomer 1 taoen ka I kénéh téa, ieu ajeuna dilangkeun deui. Nanging koe margi langgan anjar, anoe nembé loma sareng P. S. awit No. 1 taoen ka II, aja lima-genep ratoesna, oe tangtos pisan hareugeueun ningali samoengan tjarita anoe teu atjan kaoeninga ti mitina, djadi perloe dibalikan deui ringana eusi tjarita anoe parantos kapedar apoengkoer, Kieu:

Ratoe Galoeh alam Padjadjaran baheula, agoengan poetra tiloe anoe tjikal ti Selir, nenganana Asmoenalarang, anoe hidji deui padmi djenenganana Pamanah-rasa, pira-jaeun. Pangatikna tiloean toetoeoenan, ngamina Gelapnjawang, Kidang-pananjoeng sareng Lampoeng-djamboel. Sabot Pamanah-ras ditinggalkeun koe tiloe pangatikna ka Goeng Padang, ditimbalan moendoet landong sur pramésuari, andjeunna dikaniaja koe kana, rék diarah pati sangkan karadjaan ras ka noe dengki. Petana nja éta Pamanah-rasa sina njoekang dina areuj sina meuntas Pangdadaran. Lantaran ditangtajoengan ahjoe, moebah akal rakana malah waktoe na asoep ka djero soemoer gok tepang sang radja djin anoe maparin kasaktian ka amanah-rasa. Tina tétérna noe ngarah pati engtoengna sanggeus Pamanah-rasa dibar koe areng didjoeal ka oerang kapal, Koe arang kapal ditoekeurkeun kana kai ka petri Ambet-kasih poetra Bagawan.

Koe pangatik anoe tiloe disoesoel, nja kanggih si Hideung keur djadi boedjang. Fah kitoe tjariosna, ieu ajeuna samboenganana.

Poetjoeng.

*W. Siliwangi
(Galuh - Raja-
joran) p. 167-176
10h.*

229. Katjatoerkeun Nini Koewoe enggeus tjoendoek,
diiring badéga,
doea djangkoeng hidji katé,
Njai Poetri bengong ningal noe tiloean,
230. Aja djalma anoe hidji gedé loehoer,
satjae manggala,
boeloe panonna ngarimbjong,
halis tjeuli rambosbos boeloena panjang.
231. Noe ka doea beuteungna njemploe boerajoet,
boeloe harigoena,
djég indjoek sakakab gomplik,
noe katiloe, katé pendék boelé bodas,
232. Boedjang landjang sadaja ngarogrog koempoel,
aralohok hëran,
saoemoer kakara néndjo,
djalma segoet djangkoeng gedé kawas boeta.
233. Njai Poetri ngadawoeh barina imoet;
Oea noe tiloean,
oepamana oea daék.
matoeh baé di dieu reudjeung kaeola.
234. Dipasrahan patamanan koela oeroes, kabèh saloearna.
boenderan djeung kebon-kebon,
malakmandar mangké kaala hasilna.
235. Njai Poetri ngalahir ka Nini Koewoe:
Tah Nini ajeuna,
boedjang téh keur koela baé,
réhna pantes pikeun pangasoeh kaeola.
236. Nini Koewoe tjong njembah bari pioendjoek:

II no 10-11

167

358

abdi sedja pasrah,
nadjan diri abdi ogé,
sajaktosna da gamparan noe ka.
goengan,

hajang geura — geura amprok,
moal gagal éta anoe ditéangan.

Asmarandana

237. Nini Koewoe amitan enggeus djoeng
wangsoel,
ngantoenkeun Sang Retna,
saréntjangna kempel kénéh,
ngan si Hideung Siliwangi henteu aja.
238. Manahorèng Siliwangi njoempoet
djaoeh
weléh teu kapendak,
disaksrak koe djompong-djompong,
ladjeng Poetri tjarios ka réntjang
anjar.
239. Aèh Oea Panandjoeng djeung Lam-
poeng-djamboel,
kaola geus lawas,
meuli hidji boedak anéh,
hideung hërang roepana tjeplés saga-
gak.
240. Digawékeun kana njiram kebon sajoer,
ngan tiba roemingkang,
doea tiloe balik ngelél,
ngan tembangna teu woedoe sorana,
ngeunah.
241. Ngan ajeuna éta teu aja ti isoek,
Gelap njawang njembah,
boedak koema dedegna téh,
sareng kinten sabraha taoen oemoerna.
242. Lahir Poetri kira lima welas taoen
awakna langkonjang,
boedjang enggeus ahir baleg,
boga wanda ngan koelitna hideung
pisan.
243. Pangatikna sapangira sapanegoeh,
sédjén karasana,
244. Eta noe tiloe pangantik,
pok oendjoekan ka doenoengan,
rék ditéangan di kebon,
soegan si Hideung kapendak,
malakmandar tjan ingkah,
loemajan didjieun batoer,
soeganna beunang diwarah.
245. Léos tiloean arindit,
néangan ka anoe bala,
ratoeg haté asa geus gok,
sangkana geus moal boa.
enja Pamanah — rasa,
anoe keur disoesoel — soesoel,
sok hajang geura béh aja.
246. Sanggeus boerit ganti peuting,
Siliwangi taja datang,
disangka meureun ngaléos,
emban tètèr naréangan,
weléh henteu kapendak,
meureun kaboer toeloej ngentjroed,
pédah aja boedjang anjar.
247. Tapi noe tiloe pangatik.
henteu weléh panasaran,
sapeupeuting henteu saré,
haben baé naréangan
tina rasa moal gagal,
si Hideung tangtoena njoempoet,
èra bisina kapendak.
248. Gelap — njawang merih pati,
ka Lampoeng — djamboel ngoemaha,
da néangan mah geus weléh,
tjing kaloe arkeun pangabisa.
geuning boga toetoengkoesan,
ketroekkeun sawoeroek goeroe,
ajeuna enggeus mangsana.

249. Kidang — panandjoeng ngoerihit
ngarodjong ka Gelap — njawang,
ngolo bari rada ngosol,
nitah medar pangabisa,
asihah ti Goenoeng Padang,
panjangtjang anoe rék oendoer,
sangkan oelah bisa ingkah
250. Tjing itoeng koe palak sihir,
koe patangan palintangan,
ngétan atawana ngoelon,
njoesoep moeboej marangpang noem-
pang,
tapi mending dikemat,
hadéna koedoe didoejoeng,
da tétéla atjan anggah.
251. Lampoeng — djamboel henteu lami,
rep sidakep masang peta,
galantang mapatkeun djampé,
Hong Hijang kemat asihan,
pangiroet Pamanah — rasa,
anoé poendoeng koedoe tjoendoek,
moen teu anggah geura datang.
252. Satoetas mapatkeun adji,
djoeng deui tiloan miang,
Gelap — njawang henteu répéh,
bari ngomong: tjing kikoekan.
hor — hor bae taeunna,
teu katji teu maké kikoek,
soesoempoetan djeung bapa mah!
253. Katjatoer anoe njamoeni,
reuwas pabaoer djeung era,
ratoeg kasawoer koe atoh,
piseurieun teu katahan,
njatjapkeun kapanasaran,
maksa ti soemoer metjenghoel,
ka pangatik hojong awas.
254. Kidang-panandjang noe awit,
ngotjéak barina ngedjat,
tobat! itoe bet tétélo,
- pentil djin bolongkotan,
moal salah toeh ririwa,
ka ditoe ingkah sing djaoeh,
ka sabrang djeung ka Palémbang,
255. Oelah arék hiri dengki,
djoerig njingkir sétan njingkah,
hoeh paraloen hong ilahéng,
oelah djail kaniaja,
aing seuweu Goenoeng Padang,
kapan wana wani wawoeh,
palias istan palias.
256. Anoe hideung leungit deui,
teu koengsi lila tēmbongna,
tadi gé ngan tiba nempo,
awahing koe panasaran,
hojong geura-geura awas,
ka pangatik anoe tiloe,
tina geus lawas teu tepang.
257. Ari manah ratoeg inggis,
ngeres ngangres soeka doeka,
tagiwoer teu poegoeh raos,
ras émoet kana salira.
noedjoe keur nandang soengkawa,
salira hideung belewoek,
woengkoel djadi tjoetjoan.
258. Kidang Panandjoeng moeringis,
bari teu répéh parantjah,
ngajéjkék tooer njorodtjod,
anoé doeaan gé ngedjat,
kagèt koe anoe kasima;
aja naon Ki Panandjoeng,
bet kawas anoe kasibat.
259. Bedoel ih alah amboeing!"
Ki Panandjoeng témbalna,
Djin kapir bieu katéndjo,
henteu sak geus moal salah,
kabireungeuh da tétéla,
bieu nonghol tina soemoer,
maké ngadjebéng sagala.

260. Koe koering katémbong sidik,
naha atoech baralangan,
geus baé teu kataréndjo,
hajoe geuwat oerang njingkah,
koeriak oerang kasarad,
hempék ieu koering goesoer,
soekoe teu bisa ngaléngkah.
261. Gelap njawang anggoer seuri;
ki silah kabina-bina,
bet abong-abong geus kolot,
boa teuing téténdjoan,
kalangkang padjar ririwa,
sieun koe noe atjan poegoeh,
moal enja djin ti beurang.
262. Ki Panandjoeng njentak bengis;
Ari katéndjo koemaha,
da koering téh henteu paor,
pirakoe téténdjoan mah,
awas pisan geus teu samar,
masina lamoer ngalindoer,
ieu mah njaring teu salah.
263. Lamoen teu ngandel djig intip,
sampeurkeun toeh kana lombang,
hempék koe sorangan tempo,
ari hajang ditekoek mah,
koering mah henteu kadoega,
moal nepi ka ngawadoel,
pirakoe da lain boedak.
264. Noe doea ngahoeleng mikir,
panasaran koe tjarita,
lahlahan arék ditempo,
moen enja baé ririwa,
rék ditéwak ngarah beunang,
karepna arék dikoekeot,
loemajan keur kamonésan.
265. Singkil ditjarawet poeril,
peta masang koeda-koeda,
djinn téh arék didodoho,
- Hajoe oelah taha-taha,
oerang tjerek baé toeman,
ngaganggoe ka anak Galoeh,
rasakeun sia ditéwak.
266. Hajoh edjin geura bidjil,
lamoen wani oelah njingkah!
Tjeuk Panandjoeng hempék baé,
tapi mangké heulaanan,
papatkeun parantjah heula,
oelah waka goeroeng goesoeh,
bisina koemaha onam.
267. Tjeuk batoerna montong teuing.
ngamoek mah koemaha koela,
tanggap ketak djago kolot,
mo njingkah koe atah-atah,
ngomongna bari ngalengkah,
ngadeukeutan sisi soemoer,
ngetejep ongko-ongkoan.
268. Barang srog tepi ka sisi,
arék nonghol ka djerona,
karepna eudeuk ditempo,
koe Siliwangi digebah:
Wah! Halik ieu ririwa!
Aki-aki ance tiloe,
nangkarak tiboeboerandjat.
269. Bari ngotjéék ngadjerit, Ta
reuwas kaboer pangatjian,
panonna tipopolotot,
henteu njangka boengkeuleukan,
djoerig hideung siga djalma,
ngagebah kawas ka batoer,
ngadjak otjon soesoempoetan.
270. Noe reuwas tiboeboentjelic,
ningal djoerig bolongkotan,
toengtoenga mah arolohok,
henteu ngitjeup-ngitjeup atjan,
leungit sieun timboel héran,
tina kakara saeomoer,
ningal djinn kitoe pandéna.

271. Barang Radén Siliwangi,
ningali anoe kasima,
mèsem némbongkeun pasemon,
barabaj sinar katingal,
ébréh tjahja wanda asal,
koe hideung henteu kasapoet,
tétéla Pamanah rasa.
272. Katjatoer tiloe pangatik,
anoe eukeur kasamaran,
ras ka noe eukeur didongdon,
rét ningal sinar marahmaj,
tjahja pameunteu doenoengan,
keureut raraj tedak Galoch,
ngan roempoejoek baé nahnaj.
273. Leuleus kabèh toelang sandi,
tina tétéla teu salah,
anoe hideung djiga gaok,
horèng anoe ditéangan,
Rahadén Pamanah rasa,
tiloean gabroeg ngarangkoel,
njoeman kana sampéan.
274. Pangatik gaoek narangis,
bari teu répéh midangdam;
adoeh goesti adoeh radén,
sembaheun doenja ahérat,
deudeuh teuing anak bapa,
njandang panandasa batoer,
salira kadoengsang-doengsang.
275. Teungteuingeun anoe djail,
teu aja pisan rasasan,
ka goesti bet abong-abong,
nepi ka tega mergasa,
nganiaja ngabongohan,
noe djoedes rék ngarah oemoer,
noe teu toea henteu dosa.
276. Aki njeri haté peurih
nāba bet kabina-bina,
ieu tepi ka diporong,
teu poeas koe sina njingkah,
- ditambah koe dihideungan,
bet abong ka intjoe batoer,
njiksa djalma poepoeasan.
277. Aki salah koerang, telik,
roemasa koerang prajoga,
wéja ngatik téh talobéh,
ngantoenkeun ka Goenoeng Padang.
bet maké indit tiloean,
kadoehoeng aki kadoehoeng,
teu boga pikir rangkepan.
278. Mangga goesti siksa aki,
aki — aki lalawora,
kolot gé nado bolostong,
sadréh soemangga tanganan,
bonganna koerang wiwaha,
gana — gana wani ngantoen.
balokkarna nganiaja.
279. Adoeh — adoeh tada teuing,
iboe rama di nagara,
moen ningali poerang pérong,
toer ngalipek di djarian,
djadi boedjang toekang njiram,
poetra njandangan boeboeroeh,
kawas si itoe si éta.
280. Radén Siliwangi nangis,
moeroeboet medal tjisotja,
toemoengkoel teu pisan léomé,
galih raos digerihan
ngangres pinoeh koe nalangsa,
ketir toengtoengna soemegroek,
paoengkoe — oengkoe opatan.
281. Teu lami Radén ngalahir:
meugeus aki oelah soesah,
ajeuna oerang geus amprok,
aja sihing Hijang Soekma,
oeing teu sakara — kara,
waloeja bisa patepoeng,
kadar kersana Pangéran.

Ti n^o 10-11 171

372

282. Oeing téh diarah pati
koe kakang rék dipergasa,
tapi kersana Jang Manon,
henteu bisa tinekanan,
karepna noe nganiaja,
nja toeloj oeing ditoendoeng,
didjoeal ka oerang kapal.
283. Ajeuna koe aki boekti,
oeing hiroep nadjan lara.
ngan awak djadi lamedong,
hideung beunang ngabaloeran,
koe areng ditjampoer geutah,
didjoeal ka noe loemakoe
djadi beulian di kapal.
284. Ti kapal didjoeal deui,
oeing dibawa ka pasar
dirogrog pada narangton,
ditawarkeun ka soedagar,
dipaké noekèuran bahan,
kapal noe roeksak di laeet,
nja digaleuh koe djoeragan.
285. Katjatoer tiloe pangatik,
ngoeping tjarios doenoengan,
sedih njoeroetjoed tjipanon,
barina aroendjoekan:
Agan tong dianggo manah
koe aki disoesoel — soesoel,
aki teu weléh néangan.
286. Ajeuna enggeus kapanggih,
aki noehoen ka Pangéran,
djembar ka salira Radén,
aki henteu panasaran,
ari enggeus kapendak mah'
nadjan rék dipoendoet oemoer,
mangga soeka lilah pisan.
287. Hajoe siram baé Goesti
Keun koe aki oerang lokat.
Oerang pitjeun éta méhong,
balikkeun deui ka asal,
- loebarkeun balang béngsalna,
montong lila-lila njamoer,
salira geura waloeja.
288. Enggalna Dén Siliwangi,
koe pangatik noe tiloean,
di lokat panjipoeh pamor,
dikebakkeun di waloengan,
didjampé bari didjiad,
tina mastaka diwoewoeng,
polédak loeloerna itjal.
186. Balik saasalna tadi,
datang tjahajasalira,
ninggang lendjang ngalenggeréng
sinar ébréh kaloehoengan,
kasép teu aja bandingna,
dasar tedak Ratoe Galoeh,
lain roepa poepoelasan.
290. Kasép bawana ngadjadi,
roepa wedalan déwata,
kasawoèr sorot pasemon,
matak hébat anoe ningal,
salira éstoe satilas,
koelit enaj hoemboet kawoeng,
tjoereuleuk seukeut sotjana.
291. Pangamboeng soemedeng bangir,
ramboet hideung galing moentang,
halisna ngadjelér paéh,
waos bérés gilap bodas,
lambej damis nararinggang,
wanda ménak ampoeh timpoeh,
merenah keureutanana.
292. Ki Panandjoeng soeka seuri,
mireungeuh wanda doenoengan.
Gelap njawang témbong atoh,
Lampoeng djamboel boengah-boengah,
tiloean saroekean-soekan,
éngklak-éngklakan djalibroet,
silih gondjak djeung batoerna.

293. Tjeuk Panandjoeng soegan téh djin,
 boro koela arèk loempat,
 sihoréng djoeragan Anom,
 djadi naha lamoen ngedjat,
 meureun lapoer moal pendak.
 hadéna Ki Lampoeng djamboel,
 henteu kabawa borangan.
294. Noeroestoendjoeng aki-aki!
 Tèmbalna Ki Gelap njawang,
 Kawas tjan loma djeung Onom,
 maké sieun koe ririwa,
 kolot teu boga kaéra;
 kop tah djin tèh geura pangkoe,
 moal sieun ajeuna mah.
295. Ki Panandjoeng anggoer ngasin,
 ditjarékan teu nembalan,
 tamba éra ngaléléwé:
 lain sieun ngan iatna,
 bisi ki doeloer tjilaka,
 wawanén mah moal ngandjoek,
 djol datangkeun djoerigna,
296. Hajoh nadjan reudjeung koenti,
 mo enja tepi ka ngedjat,
 djol, mana geura sina hól,
 moal boeroeng dilawan,
 ieu tjatrik Goenoeng Padang,
 sa noe wani ka Panandjoeng,
 pèk djin idjén oeing lawan!
297. Lampoeng djamboel ngeunah seuri,
 omongna bet kadongdora,
 wani soesoembar nangtang ge,
 tadi mah kawas noe sawan,
 moeria g teu kawajaan,
 koe batoer menta digoesoer,
 kasima teu bisa leumpang.
298. Noe kasep Den Siliwangi,
 satoetasna mentas siram,
 ngadangoekeun noe arotjon,
 goemoedjeng teu sasaoeran,
- tjalik di sisi waloengan,
 dina batoe bari noeoes,
 soegema loegina manah.
299. Gelap njawang pok ngalahir,
 ka Raden Pamanah rasa,
 mangga Gan oerang ka kebon,
 oerang di ditoe ngantosan,
 aki rek oendjoek oeninga,
 ka poetri hatouer pioendjoek.
 sina neang pepelakan.
300. Raden Siliwangi ngalih,
 kana handapeun angsana,
 di noe ioeh ngadon ngaso,
 diiring koe panakawan,
 sasaoeran sosoanon,
 teu anggang dirioeng-rioeng,
 Ki Panandjoeng Gelap njawang,
301. Lampoeng djamboel geus djoeng indit,
 ka Nji Poetri pok hatoueran,
 Gamparan angkat ka kebon,
 bisi rek ngoendeur kepokan,
 bari ngala kekembangan,
 kembang noe kamari aloem,
 geus mangkak réa noe ligar.
302. Njai Poetri hémeng galih,
 Bet aki mah moal enja,
 kapan pelak anjar kénéh,
 kamari ogé parérang,
 ajeuna sageuj kembangan,
 beunang dioendeur pirakoe,
 lain djaat pelak déwa.
303. Agan teu ngandel ka aki,
 geura mangga baé lajad,
 aki moal enja bohong,
 badé ngoendeur ngala kembang,
 kepokan enkeur meudjehna,
 tongkéng noe beukah noe koedoe,
 malati tjampaka tjina.

TI 1010-11 173
 374

304. Mangga koe aki diiring,
geura sajadi ajakan,
eukeur wadah kembang eros,
boboko keur tempat lalab,
keun aki noe mawana mah,
Poetri soeka liwat langkoeng,
djoeng angkat rék moepoe kembang.
305. Emban doean noe ngiring,
pada marawa ajakan,
Nji Tjentil njoehoen boboko,
norowétjo tjetjengiran.
Hajang geura ngala katjang,
djaat gé arék dipoepoe,
lamoen enja mah boeahan.
306. Ka kebon Nji Poetri soemping,
kagét ningal kekembangan,
noe kamari pérang kénéh
tétéla geus siang mangkak,
bonténg térong ngarandakah,
dina paranggongna rantoej,
malati soesoen laligar.
307. Euleuh enja geuning Tjentil;
Tjeuk Nji Poetri ka réntjangna,
laloempat paboro-boro,
patjiweuh metikan kembang,
malati tjampaka warna,
alah ieu koe kajoengjoen,
mana noe kami ajakan.
308. Nji Tjentil mah ngala hiris,
ngarondjangan pentil roaj,
ngaweswes ngakanan bonténg
ngala leuntja djeung boeahna,
bari teu eureun ngotjomang,
handjakal djoeragan sepoeh
bieu teu dihatoeranana.
309. Njai Poetri Ambetkasih
tonggoj ngala kekembangan,
disérangkeun koe noe kasép,
Ki Panandjoeng ngadeukeutan,
api-api tetembangan,
hariring ditéma beloek,
djalang-djéléng ngamandoran.
310. Nji poetri ngala malati,
tjampaka anggag didongkang,
marol tcngekèng noe ngagojot,
gero-gero ngagentraan,
ieu ak barantoean,
koendangan oeing raridoe
ieu tjekelan ajakan.
311. Silah mah Tjentil njalingkir
montong miloe ngala kembang,
sing d'ongdjon maroepoe térong,
tongkéng koe oeing sorangan
aki mana geuwat-geuwat,
ari aki bet koe kitoe,
toeh kembang gambir ragragan.
312. Gero deui gero deui,
bari panangan ngopepang,
sanggoel oedar teu karaos
ngagebaj ramboetna pandjang,
galing moentang bangbaraan,
ngaroembaj ngahibas tekoe,
kitebak angin ngahelab.
313. Ngagoepajan noe keur ngintip,
aue neutaup paripolahna,
olohok Radén soemedot,
henteu poegoeh raraosan,
ningali bitis ngolénjaj,
badis lir djaksi sadjantoeng,
njatjas henteu kahalangan.

314. Nji Poetri mipit malati,
ngagentraan Gelap njawang,
aki tonggoj teu ngawaro,
anggoer batoek dédéhéman.
Harijaneun ih aki mah,
ieu kembang geura poepoe,
keur naon aki di dinja.
315. Bari dirérét koe poetri.
panangan ngoelangkeun kembang.
aré k dipaké malédog
bongan henteu ngabantoean,
ari belewer njalahan,
kembang keuna ka tatamoe.
Ambet kasih awas ningal,
316. Tjeuk Nji poetri iih geuning,
balieur malik ka toekang
poepat — pipit poenal — penol,
ngadak ngadak toetoenggoelan,
poetri teu poegoeh polahna,
soemeblak manah roemandjoeg,
henteu ngira henteu njana.
317. Ambet kasih api — api
nananggeuj ajakan kembang,
rada mésem rarat — rérét,
pok ka réntjang sasaoeran,
aki ieu tongkéng bodas,
bari lalaoenan moendoer,
raraj reup geuneuk raj pisan.
318. Nji poetri ngaraos isin,
soegan téh taja satria,
woeri — woeri kabalédog,
saoerna: sanés dihadja,
éta atoeh aki bongan,
Ras émoet ngaroembaj ramboet,
disanggoel noenda ajakan.
319. Malati henteu ditolih,
Ki Padandjoeng seuseurian,
mana gan malati hédjo,
tjing aki hajang ningalan,
koetan aja tongkéng bodas,
aki mah nembè saemoer,
hiap koe aki koendangan.
320. Poetri njaoer ka Nji Tjentil,
Tjentil hajoe oerang mcelang,
ieu bawa kembang eros,
meugeus sakieu gé réa,
Kidang Panandjoeng nambalang:
Agan itoe akoe tamoe,
oelah sok degig ka sémah.
321. Oelah sok kitoe pamali,
geus lami meureun ngantosan,
bongan maké dibalédog,
koedoe ménta dihampoera,
saoerkeun sanés dihadja,
bisi tamoe oerang djaoeh,
anoé ngahadja nepangan.
322. Tjeuk poetri doeka ah isin,
bisi lain rék ka oerang,
sémah bet los — los ka kebon,
meureunan arék ka ama,
Kotjapkeun Pamanahrassa,
langgéor angkat kajoengjoeng.
ka noe isin ngadeukeutan.
323. Geus tjaket nembè ngalahir:
moegi gamparan oeninga,
roemaos abdi katénggor,
sanés sémah nembé tepang,
gamparan keur kasainaran,
naha lali ka noe wawoeh,
teu ngangken tjara biasa.

II n° 10-11 175

376

324. Horéng téh nganjar — nganjari,
gambaran mamandaloean,
madjar sémah oetrak — atrok,
geuning degig ngadak — ngadak,
henteu keresa mariksa,
ka abdi ngadoedoeuh tamoe,
kapan toekang dipiwarang.

325. Ambet kasih woewoeh isin,
ngadangoe noe sasaoeran,
Sadjongdjongan mah olohok,
naha saha ieu semah,
madjarkeun teh enggeus loma,
ka aing ngakoe geus wawoeh.
da panggih oge kakara.

326. Toengtoengna. poetri ngalahir,
tina sanget manah heran,
wajahna isin-isin ge;
Mangga ka ditoe ka ama,
ama oge tadi aja,
di rorompok sareng iboe,
oelah linggih di noe bala.

327. Ari saer Siliwangi;
Angken heula koe gambaran,
atoeh memeh ka iboe teh,
engke ge rek ngadeuheusan,
maroekan ieu teh saha,
kapan rentjang toekang beloek,
Si Hideuug noe ngedoel tea.

328. Naha gambaran bet degig,
soemangga geura-piwarang,
ajakan koe abdi kelek,
naha nganggo asa-asa,
pariksa atoeuh pariksa,
oelah aloer kana noendoeng,
abong ka rentjang balangsak,

328. Anoe tiloe aki-aki,
nambalang nempas tjarita;
Itoe diah tjeleng mogok,
Eta geuning lain semah,
Agan anoe kasamaran,
koemaha mending diakoe,
boa ditoendoeng mah lebar,

330. Tjing Agan masingna sidik,
enja kitoe eta tea?
Ambet kasih tambih bengong,
panangan ngeukeuweuk kembang,
samar polah samar rasa,
toengtoengna anggoer toemoengkoel,
sasaoeran lalaoenan:

331. Da eta oeingna pangling.
Aki henteu ngabedjaan,
da oeing mah henteu njaho,
panjana teh anoe lian
anoe matak kasamaran,
naha atoeuh mana kitoe,
Siliwangi salin roepa?

*Dangdangoela.
Aja samboenganana.*

